95.

TIDAK DIPERDJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
– Perpustakaan Nasional, 2011

)5 Hargana f 0.50

K. I. ai.

TJARITA

DJALMA PAMINGGATAN

KARANGANANA

R. ARDIWINATA

PNRI 6p Balai Pustaka
Tjitakan kadoea

UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR
KALOEARAN
BALE-POESTAKA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

S

S

Serie No. S 5

Hargana f 0.50

KEMENTERIAN PENDIDIKAN KEBUDAYAAN RISET DAN TEKNOLOGI

TJARITA

DJALMA PAMINGGATAN

KARANGANANA

R. ARDIWINATA

Tjitakan kadoea

KALOEARAN
COMMISSIE VOOR DE VOLKSLECTUUR
1922.

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR
WELTEVREDEN.

ADUCRO. UITV.

PNRI Balai Pustaka

C 1605/68

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

BOEBOEKA.

Sinom.

Koering liwat langkoeng bingah,
njieun boekoe ĕnggeus djadi,
sakadar anoe diadjar,
malah-mandar djadi margi,
loeloes nja maksoed ati,
tĕroes leukeun njieun boekoe,
ari anoe dipalar,
oerang Soenda tambah radjin,
matja boekoe tjaritaan di Eropa.

Soegan bae ka pajoenna,
parĕng bisa ngarang deui,
noe araneh tjaritana,
toer mangpa'at djadi misil,
djeung tjaritana rĕsmi,
keur pangajĕm-ajĕm kalboe,
toer nambah-nambah loeang,
aoseun maroerangkalih,
kilangbara kaanggo di sakola mah.

Nadjan ngarang tatjan paham,
basana masih pabeulit,
roa kĕtjap anoe salah,
kaliroe nĕrapkeun tjiri,
tapi anoe dipambrih,
soegan lila-lila moeloes,
beres entep-seureuhna,
ngan aja panoehoen koering,
moegi-moegi ngamara'loem sadajana.

Boekoe-boekoe oerang Soenda,
saestoe masih saeutik,
ajeuna oerang tambahan,
soegan bae lami-lami,
di ahirna kapanggih,
di Pasoendan loba boekoe,

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

tjarita warna-warna,
djeung elmoe noe matak hasil,
niron-niron kaloembrahan di Eropa.

Djogjakarta, September, 1911.

RADEN ARDIWINATA.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

TJARITA DJALMA PAMINGGATAN.

Ngaran kaoela Baumfeller, didjoeroekeun di nagara Lennep, hĕnteu djaoeh pĕrĕnahna ti nagara Elberfeld tanah Duitschland, dina tanggal 18 Februari 1815.

Bapa kaoela pagaweanana toekang ninoen dina hidji pabrik lakĕn, sarta soesah katjida meunang kaoentoenganana pikeun tjoekoep ditarĕda koe kaoela djeung doeloer-doeloer kaoela tiloe (doea lalaki hidji awewe), koe sabab kaoentoenganana saeutik pisan.

Waktoe eukeur leutik keneh kaoela tjitjing di kampoeng Ronsdorf, disakolakeun hal pĕrkara agama ka hidji Pandita, djĕnĕnganana toean Bruninkhaus. Eta bapa kaoela katjida pisan soesaheunana mere tĕda djeung pake ka kaoela teh, tina koe padjaoehna; djadi kapaksa bapa teh ngaloearkeun kaoela ti eta sakolaan Pandita, sarta kaoela kapĕrloean digawe di pabrik, nja eta baris njombo-njombo kana kahiroepan bapa tea.

Sanadjan loba pisan kasoesahan atawa meh hĕnteu aja waktoe pikeun oelin lantaran riboet digawe, tapi ari ka sakola mah kaoela teh ngeureujeuh bae, nja eta diadjar matja djeung noelis, sabab pikirna bapa oge, oepama kaoela hĕnteu diadjar eta doea roepa kapintĕran, geus tangtoe matak soesah njiar kahiroepan.

Dina waktoe-waktoe baroedak eukeur aroelin, kaoela mah koedoe tonggoj digawe bae, djadi katjida pisan nalangsana. Rĕmĕn kaoela digĕlĕndĕng koe bapa koe tina sok mĕlĕntjing digawe, nja eta sok miloe oelin djeung baroedak. Andjeunna katjida keuheuleunana, sarta hĕnteu lila toeloej bae kaoela dianteurkeun ka nagara Lennep, dititah digawe dina hidji pabrik.

Eta kaoela di nagara Lennep bĕtah pisan, tatapi doeit beunang koeli tea, beak-beak bae, hĕnteu aja pisan njangsangna. Mindĕng kaoela mikiran diri pribadi, kieu: „Hiroep anoe saroepa kieu geus tangtoe hamo bisa tahan lila-lila; oepama aja bagdja diri arek neangan deui djalan kahiroepan anoe rada gampang bae."

Bapa kaoela hidji djalma anoe katjida saleh atina sarta alim. Dina sagala roepa kasoekaan atawa kadoekaán hĕnteu pĕtotpĕtot nja eling djeung moemoentang ka Goesti Allah. Tatapi ari moenggoeh diri kaoela mah pribadi hĕnteu katoeroenan kaaliman bapa kitoe teh; sok noeroetkeun karĕp napsoe sorangan bae.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

Waktoe bapa hilang, kaoela eukeur aja di nagara Lennep, sarta harita oemoer kaoela geus 17 tahoen. Dina waktoe harita di pabrik hënteu pati loba pagawean, djadi kaoela hënteu digawe, nganggoer bae. Koe sabab kitoe kaoela katjida pisan teu ngeunahna teh, koe tina kaharti, lamoen djalma hënteu digawe tjara kaoela, geus tangtoe bae sakoena oge sok kosong.

Tidinja toeloej bae kaoela asoep djadi soldadoe, make kontrak baris 5 tahoen lilana. Barang kaoela geus djadi soldadoe katjida pisan atohna sarta rësëpna make papakean soldadoe teh, soemawonna nendjo kalakoeanana soldadoe-soldadoe sedjen.

Ajeuna kaoela boga rasa tëtëg nja pipikiran, hënteu kalangkaboet teuing sapërti katoekang-toekang; sagala kapërloean anoe djadi soldadoe katoemoetkeun kabeh, soemawonna adat-adatna atawa kabiasaanana anoe hënteu hade; kitoe deui kana inoem-inoeman, sopi atawa brendi, kaoela teh pangkoeat-koeatna pisan.

Opsir-opsir rarësëpeun pisan ka kaoela, tina hadëp sarta sarëgëp ngawoelaan ka arandjeunana. Kitoe deui batoer-batoer soldadoe oge rarësëpeun sarta arasih pisan ka kaoela. Dina djëro 5 tahoen teh kaoela hënteu meunang siksaan sakali-kali atjan.

Eta kontrak anoe 5 tahoen tea meh beak, ngan kari koerang sapoeloeh poë deui; mangsa harita kaoela aja di nagara Aken. Mënëran tanggal 1 boelan Januari 1835 kaoela djeung batoer-batoer soldadoe, kira-kira aja 20 soldadoe, toeloej rame-rame soekan-soekan, darangsa di roemah-bola deukeut tangsi, bari ngarinoem roepa-roepa inoeman, salamëtan tahoen-baroe, njëkël loemoer diatjoengkeun ka loehoer sarta bari ngomong bëdas kieu: „Sobat-sobat, hajoe ajeuna oerang pada ngeunah- ngeunah dalahar djeung ngarinoem sarta pada soekan-soekan, sabab isoekan oerang tatjan tangtoe pihiroepeun!"

Barang djam 3 sore, tarompet ditioep di tangsi, tanda jen kabeh soldadoe anoe hënteu përmisi koedoe karoempoel di tangsina. Tatapi ari kaoela mah pribadi hënteu pati marosea kana eta sora tarompet, da kadjongdjonan ngadengekeun sora biola bae sarta nganteur karëpna napsoe sorangan.

Hënteu lila torodjol aja hidji poelisi ka tëmpat dangsa, menta ngilikan soerat përmisi ka sakabeh soldadoe anoe araja di dinja. Barang eta poelisi menta soerat ka kaoela, kaoela hënteu bisa nembongkeun, sabab hënteu përmisi.

Ari tjarek poelisi: „Lamoen kitoe, ajeuna sampean ditangkëp koe kaoela, sabab hënteu mawa soerat përmisi." Barina ngomong kitoe teh, eta poelisi dangdan sarta marentah ka kaoela, soepaja indit tina eta tëmpat rame-rame, baris dipasrahkeun ka kamardjaga. Tatapi kaoela nahan bae kana parentahna eta poelisi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Badan Pustaka

teh, sabab kaoela harita keur mabok, kana saniskara atoeran lĕs bae poho kabeh. Batoer-batoer djeung poelisi tea toeloej ngalalingkoeng ka kaoela sarta harita goedjroed pisan di eta roemah-bola-teh.

Tidinja eta poelisi teh gantjang ngabedjaan soldadoe-soldadoe anoe ngadjaraga, sarta hĕnteu koengsi lila toeloej kaoela dirĕdjĕngan dibawa ka kamar-djaga. Tatapi di dinja oge kaoela motah bae, neangan djalan arek minggat, sanadjan harita ditjĕkĕlan koe doeaan oge, maksa bae adoeg-adoegan, hajang bisa lepot. Hĕnteu lila torodjol soemping Leknan anoe ngaronda. Tina adjeunna ningali ka kaoela sakitoe motahna, adjeunna njeuseul ka kaoela bari miwarang tjitjing, oelah motah teuing, sarta toeloej eta Leknan teh nondjok doea kali ka kaoela kana dada.

„Leknan!" tjek kaoela bari sĕmoe ambĕk, „sampean geus doea kali nondjok kana dada kaoela, papatjoean oelah arek wani-wani deui!" Barang kaoela ngomong kitoe teh, bĕk deui bae eta Leknan teh nondjok deui kana dada kaoela katiloe kalina.

Tidinja bĕt lĕs bae kaoela poho, gaproek ngarontok ka eta Leknan bari dibeubeutkeun sarta toeloej ditjĕkek. Gantjang kaoela disarapih koe soldadoe-soldadoe, dipaksa ngalesotkeun eta Leknan, sarta toeloej kaoela diasoepkeun kana kamar boei.

Di djĕro eta boei toeloej kaoela hees, ngareureuhkeun mabok tea, nĕpi ka isoek. Isoek-isoek kaoela hoedang sarta ingĕt naon anoe geus kadjadian peuting tadi tea. Kaoela ingĕt kana wetna militer, jen geus tangtoe kaoela baris nĕkanan hoekoeman pati, sarehna geus wani-wani njĕkek ka opsir. Katjida pisan kaoela nja reuwas djeung nalangsa sarta kadoehoeng, sapoë eta hĕnteu poegoeh nja pipikiran, hoelang-hoelĕng kawas anoe gĕlo bae, goelang-goeling bari ngadjĕnggoetan boeoek sorangan, koe tina bawaning kadoehoengna.

Waktoe harita kaoela ingĕt oge kana piwoeroek-piwoeroek sĕpoeh, tatapi hese pisan asoepna kana ati kaoela, ibarat hoedjan-boeah ninggang kana kĕnteng bae, taja pisan tapakna.

Kaoela hĕnteu boga baris pangboeboengah ati anoe matak paler kasoesahan, pikiran teh taja deui ngan ngingĕtkeun kana milik diri bae, tina keur meudjeuhna pisan pandjang nja lalakon, ajeuna kapĕgat koedoe nĕkanan pati. Ari ngingĕtkeun ka aherat mah kaoela teh meh hĕnteu bae, ngan anoe diingĕtkeun teh kanalangsaan harita.

Barang katiloe poëna nja aja di boei, toeloej kaoela dideuheuskeun ka pangadilan militer sarta ditĕtĕpkeun baris meunang hoekoeman pati. Tatapi pangadilan aja oge ngaraos karoenja ka kaoela, sabab kaoela dipake kanjaah pisan koe batoer-batoer. Toeloej kaoela dipiwarang njoehoenkeun pangampoera ka Kang-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Badan Pustaka

djĕng Radja. Atoeh koe kaoela teh aja oge karasana sĕnang saeutik dina djĕro ati, aja arĕp-arĕpeun, soegan aja tjitangisna Kangdjĕng Radja, kĕrsa ngahampoera ka kaoela. Salilana kaoela ngadagoan datangna poetoesan ti nagara Berlijn, katjida pisan teu poegoehna hate.

Hĕnteu lila eta poetoesan datang. Hoekoeman pati koe Kangdjĕng Radja dirobah digantian koe diboei di djĕro benteng lilana 20 tahoen.

Barang dina tanggal 1 April 1835 toeloej kaoela diiangkeun ka boei-benteng Joelig, pĕrĕnahna di antara nagara Keulen djeung Dusseldorf. Nja di dinja kaoela koedoe tjitjing 20 tahoen lilana teh, sapĕrti diroeang kerepes bae. Eta matak katjida pisan nalangsana, tatapi aja oge meueusan mĕndingna ti batan djeung dihoekoem-pati mah.

Di eta boei Joelig katjida pisan matak soesahna, soemawonna kaoela mah, tina ngingĕtkeun sakitoe lilana kapaksa koedoe digawe beurat di eta tĕmpat anoe sakitoe santosana, taja pĕtana pibisaeun kana minggat.

Ari kaoela nja tjitjing di eta boei, di lotengna, lapis katiloe. Eta loteng teh beunang diĕnggonan koe 12 djalma; dĕmi papărabotanana nja eta: hidji tahang wadah tjai kotor, doea medja pasagi kasar pisan djeung 12 korsi, 2 hawoe paragi ngangeun djeung naheur tjai, djeung 12 salon beusi paragi sare. Tah, sakitoe kanjaanana di eta tĕmpat teh.

Dĕmi pagawean sapopoë nja eta: Isoek-isoek hoedang, sanggeusna barangtĕda koedoe baris; sanggeusna baris toeloej dibagi pagawean: aja matjoel, ngarag, noear kai, ngakoetan boeboeahan koe padati djeung lian-lian pagawean beurat djaba ti eta, nĕpi ka ngesang loeoet-leet, datang ka ingĕtan kaoela waktoe harita leuwih hade paeh bae, tinimbang djeung digawe tjara kitoe mah. Eta salilana digawe teh, hĕnteu pĕtot-pĕtot didjaraga bae koe soldadoe-soldadoe, bari njarĕkĕlan bĕdil beunang narĕtĕg. Wantji djam 8 isoek-isoek eureun ngaso satĕngah djam lilana, geus kitoe toeloej deui digawe nĕpi ka wantji djam 11; ti dinja toeloej balik ka djĕro boei. Samemeh asoep dipariksa heula bisi mawa kahakanan, peso, kikir atawa sedjen-sedjen parabot anoe dilarang.

Ari geus kitoe toeloej ka dapoer, njokot kadaharan sasabagianana-sabagianana. Eta kadaharan estoe saeutik pisan, hĕnteu matak piseubeuheun. Aja oge rada gĕde meueusan eta kadaharan teh, oepama dina poë Minggoe, sok make laoek sapi satjoekoepna poë eta. Atoeh katjida pisan nja ngarĕp-ngarĕpna kana poë Minggoe teh. Kadjaba ti eta saban poë sok meunang oge kopi, baris 4 kalieun nginoem. Sakapeung mah ari nginoem teh sok make oge goela, tatapi eta goela teh lain rangsoman,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

nja eta beunang meuli pribadi, sabab oenggal poë sok meunang gadjih 3 sen, keur baris djadjan atawa keur meuli: saboen, sĕmir-sapatoe, pakoe-sapatoe, bĕnang djeung djaba ti eta.

Geus tangtoe kamaranah koe sadajana oge, jen eta doeit 3 sen teh hamo pitjoekoepeun, da eukeur meuli bako oge sapoëna hĕnteu tjoekoep koe 4 sen. Tatapi sok aja bae ti loeareun boei anoe karoenjaeun, mere doeit ka djĕlĕma hoekoeman teh soempoet-salindoeng, da depama kanjahoan mah koe anoe ngadjaraga, geus tangtoe hamo meunang.

Sanggeus meunang kadaharan sabagian-bagianana, toeloej eta dibarawa ka satĕmpat-tĕmpatna. Tah, nja di dinja kabeh rame ngagarĕlĕndĕng kana dadahareun teh, pĕdah saeutik pisan. Hĕnteu make tata deui, rewak-rewak bae, tjara adjag kalaparan.

Ari moenggoeh kaoela mah, anoe njaho oge tata saeutik-eutikeun hĕnteu kadoega noeroetan tjara batoer-batoer kitoe teh, da ingĕt bareto, keur waktoe aja di imah kolot, ari samemehna atawa saĕntasna dahar teh, sok nganoehoenkeun, ngadoa ka Goesti Anoe Mana Soetji. Koe sabab eta kaoela mah sok toeloej bae eta kadaharan teh dibawa kana salon tĕmpat hees tea; tah nja di dinja eta kadaharan koe kaoela ditĕdana teh.

Poekoel 12 dadaharan teh koedoe ĕnggeus boebaran, kamarna koedoe ĕnggeus dibĕrĕsihan nĕpi ka lenang pisan. Tidinja toeloej diparentah mĕsekan kĕntang keur dahareun isoekan; sanggeusna ti dinja, toeloej deui baris djeung digawe sapĕrti tadi, nĕpi ka wantji djam 4 sore; toeloej eureun deui satĕngah djam lilana; sanggeusna eureun, toeloej digawe deui nĕpi ka wantji djam 6 sore.

Tidinja kakara meunang balik, tapi hĕnteu dibere kadaharan deui; oepama hĕnteu aja sesa tadi mah ti beurang, lapoer bae ngangkroek, teu barangtĕda nĕpi ka isoekna deui.

Di eta boei kaoela kaget pisan nendjo taladjakna batoer-batoer anoe pada mareunang hoekoeman tea. Maranehna taja eureunna garĕgĕlĕndĕng anoe hĕnteu matak pantĕs pisan kadengena teh. Sakitoe kaoela geus mindĕng ngadenge atawa nendjo taladjakna soldadoe-soldadoe batoer kaoela bareto, tatapi oepama dibandingkeun djeung soldadoe-soldadoe hoekoeman tea mah, djaoeh mĕla-mĕloe. Kitoe deui Opsir-opsirna oge anoe djaradi kapalana di ieu boei, katjida pisan barĕngisna. Oepama aja kasalahan teh geus hĕnteu meunang tempo deui, toeloej bae dirangket salawe kali koe iteuk. Saha-saha anoe meunang ieu rangketan, geus tangtoe ,tjilaka bae, da tonggongna sok nĕpi ka bareuh, geuneuk, gĕtih-ngoewoengan. Mindĕng pisan sok aja anoe paeh koe lantaran dirangket teh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Aja deui hidji roepa parabot paragi ngahoekoeman. Ieu leuwih-leuwih matak tjilakana ka dirina anoe meunang hoekoeman. Ari atoeranana kieu: aja saroepa kamar pasagi, dasarna make papan-papan, disangigir-sangigirkeun kĕrĕp pisan, gigir-gigirna pinoeh koe pakoe-pakoe sareukeut.

Djalma anoe arek nĕkanan eta hoekoeman, mimitina toeloej ditarandjangan heula, geus kitoe dipaksa sina asoep kana eta kamar, sarta koedoe tjitjing di dinja sakoerang-koerangna 24 djam lilana.

Di djĕro eta kamar taja tĕmpat satampah-tampah atjan baris nangtoeng atawa dioek anoe hĕnteu matak balahi kana dirina, sabab kabeh pinoeh koe pakoe rangsĕb. Oepama eta djalma dikaloearkeun tina eta kamar teh, awakna estoe katjida pisan roeksakna, saroepa anoe kakara hoedang gĕring-pajah bae. Saloear awakna pinoeh koe raheut, baroed, geuneuk djeung gĕtih ngoewoengan, estoe matak hawatir pisan.

Satadina kaoela katjida atohna kaloear tina bahaja maot teh tatapi sanggeusna ngarasa ngalakonan dina eta boei, estoe handjakal pisan hĕnteu nĕkanan hoekoeman pati teh, tina leuwih-leuwih nja kasoekĕran, hĕnteu bisa nahan siksaan anoe sakitoe kabeuratanana. Tatapi aneh katjida moenggoehing manoesa, sakitoe beak-karĕp nja kateungeunahan, ari arek maehan maneh mah, bĕt hĕnteu kadoega bae.

Eta moenggoeh pikiran kaoela oge nja kitoe, ari arek maehan maneh mah, hĕnteu wani bae. Tatapi aja oge pikiran sedjen, nja eta aja niat kana minggat. Eta geus lila pisan kaoela nja mikir-mikir kana arek minggat teh, tatapi ingĕt sok sieun katangkĕp deui, geus tangtoe ditambah deui hoekoeman doea kali kitoe lilana, djadi pikiran kaoela teh mandĕg-majong bae, sok sieun hĕnteu kadjadian.

Barang dina hidji waktoe, mĕnĕran tanggal 14 April 1836, kaoela eukeur digawe di loeareun benteng, kira wantji djam 3 sore, kaoela toeloej loeak-lieuk, soeganna anoe ngadjaga teh aja mĕlengan saeutik. Tidinja kaoela menta pĕrmisi, arek njoket linggis anoe ajana rada djaoeh tina tĕmpat kaoela digawe. Eta anoe ngadjaga teh hĕnteu pisan boga pikiran timboeroe ka kaoela, manehna ngidinan bae.

Ari kaoela geus nĕpi kana eta linggis, gantjang toetoeroeboen kana kakalen, bĕrĕbĕt loempat sakoeat-koeat, dikira satĕngah djam lilana. Tidinja djol kaoela nĕpi kana hidji waloengan leutik, toeloej bae njoempoet di noe bala, sisi eta waloengan. Kakara bae 10 mĕnit lilana nja njoempoet teh, hĕnteu lila ngadenge goeroeh-goeroeh anoe njaroesoel bari ngaromong kieu djeung pada batoerna, pokna:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

„Di mana eta djalma njoempoetna teh?"

„Geus tangtoe di noe bala, sisi ieu waloengan" djawab batoerna.

„Pek atoeh maneh meuntas, teangan peuntas ti ditoe, kami peuntas ti dieu" wangsoelanana anoe hidji deui.

„Ah, moal ēnja eta djalma njoempoet di dieu" tjarek batoerna.

Ēnja bēnēr, moal ēnja njoempoet di dieu, djeung oerang soesah koedoe leumpang di noe djēblog," wangsoelanana.

„Tjoba hajoe oerang teangan di eta kampoeng bae." Tjarek batoerna teh.

Sanggeusna ngaromong kitoe, bral bae maranehna arindit garagantjangan ti eta sisi waloengan teh. Keur waktoe kaoela ngadenge omongan djalma-djalma kitoe teh, katjida pisan risina, moenggah ngadegdeg saloear awak djeung kesang loeoet-leet bidjil ti oenggal-oenggal boeloe, koe tina sieunna kapanggih. Dina eta tēmpat panjoempoetan kaoela tjitjing ngahehep, ngadēdēmpes bae nēpi ka peuting.

Geus kitoe, kira wantji djam 8, kaoela toeloej nangtoeng. Tina bawaning tiris nēpi ka baraal saloear awak, wantoe njoempoet di noe baseuh toer djēblog. Ti dinja toeloej leumpang noedjoe ngoelon nēpi ka sisi waloengan gēde; di dinja kaoela bēbērēsih, geus kitoe toeloej leumpang deui sakaparan-paran bae, tina hēnteu njaho di djalan.

Barang eta leumpang dikira geus sadjam lilana, kaoela bēt djol bae datang ka djalan-kampoeng, sarta hēnteu lila prok papanggih djeung djalma doeaan.

Kaoela mikir kieu sadjēroning ati: „Koemaha eta djalma-djalma teh pērloe ditanja atawa ēntong?" Tatapi koe tina kaoela sieun sasab djeung hajang geura ka loear ti tanah Duitschland, gantjang bae kaoela nanja kieu: „Sobat-sobat! Tjoba kaoela nēda toeloeng, naha ti dieu geus deukeut ka watēs tanah Belgie?"

Eta doea djalma teh toeloej ngarandēg, ngadjarantēng barina narendjo ka kaoela, tajohna bae karageteun, pedah kaoela make papakeun misah ti djalma rea, nja eta make papakean soldadoe boeangan.

Ari djawabna eta djalma-djalma teh: „Sampean meureun djalma anoe minggat ti boei-benteng?"

Wangsoelan kaoela: „Ēnja, lērēs pisan, tatapi moega-moega arandjeun oelah karaniaja ka kaoela."

Tidinja eta doea djalma teh haharewosan; sanggeusna kitoe toeloej maranehna ngaradjak ka imahna ka kaoela teh.

Kaoela harita tatjan pērtjaja ēnja-ēnja ka eta djalma, toeloej ngomong deui kieu: „Sobat-sobat! Moegi-moegi pisan arandjeun oelah karaniaja ka kaoela teh."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Ari warangsoelanana: „Ah, moal! montong salĕmpang, sing pĕrtjaja bae, ĕngke sampean koe kaoela rek dianteurkeun nĕpi ka watĕs tanah Belgie."

Geus kitoe kakara kaoela pĕrtjaja, toeloej noetoerkeun ka imahna. Kaoela dipĕrnahkeun hade-hade pisan, sarta maranehna djarangdji, dimana neng wantji djam 2 peuting, baris dianteurkeun ka watĕs tanah Belgie.

Barang neng djam 2 teh, koredjat kaoela hoedang, sarta toeloej mangkat dianteurkeun koe anakna lalaki boengsoena. Dina mangsa balebat kaoela djol nĕpi ka deukeut watĕs tanah Belgie tea reudjeung salamĕtna.

Tidinja eta boedak anoe nganteurkeun teh ngomong, kieu pokna: „Kaoela mah ngan nĕpi ka dieu bae nja nganteurkeun teh, da ti dieu mah sampean teh hamo aja pikasalĕmpangeun naon-naon; didoakeun bae ka Anoe Maha Soetji, soepaja sampean salamĕt salalamina."

Barina ngomong kitoe teh manehna toeloej mere doeit ka kaoela 30 sen djeung hidji boengkoesan dadahareun. Kaoela katjida pisan nja atoh nampa eta rĕdjĕki, tapi barang kaoela arek tabe sarta nganoehoenkeun kana pamerena, eta boedak teh geus indit manten. Atoeh kaoela teh hookeun pisan, olohok nendjo ka manehna bari ragragan tjipanon.

Barang kaoela nintjak watĕs tanah Belgie, estoe katjida soeka-boengahna nja pikir, geus taja papadana bae. Harita di dinja tatjan aja anoe lalar-liwat, koe tina isoek keneh pisan, ngan rame hajam djago bae kongkorongok.

Kaoela ingĕt poë eta poë riaja, toeloej kaoela ka garedja anoe deukeut ka dinja. Di gigireun eta garedja aja koeboeran, di dinja kaoela gegelehean dina tembokan bari lĕlĕjĕpan arek hees.

Geus tangtoe bae sadajana oge meureun karagoengan pangintĕn, jen kaoela ngagelehe dina eta koeboeran teh reudjeung ati anoe saleh, pedah harita mĕnĕran poë riaja, tapi eta lĕpat. Ari kaoela mah ngagelehe dina eta koeboeran soteh, lain ngingĕtkeun kana kahadean atawa moemoedji ka Goesti Allah, tatapi ngan woengkoel ngingĕtkeun kana diri pribadi bae, nja eta harita geus ka loear tina boei djadi djalma mĕrdika deui, ngambĕkan rasana teh tambah sĕgĕr, panonpoë njorotna kana diri kaoela beda ti sasari, ni'mat pisan karasana teh. Rarasaan kaoela harita, koe tina ĕnggeus mĕrdikana, sanadjan Sang Radja Pruisen tjalik dina malige-roekmi oge, kasĕnanganana geus hamo bisa ngoengkoelan kana sĕnangna ati kaoela, aja dina eta kŏeboeran.

Sanggeus mikir-mikir kitoe, kaoela soesah pisan nja pilakoeeun baris neangan pangoepadjiwa, tina hĕnteu boga doeit, hĕnteu boga kapintĕran, hĕnteu boga sobat soemawonna ari baraja mah; ari arek djadjaloek hĕnteu kadoega, era. Tatapi moenggoeh

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

anoe hiroep teh, da koedoe baranghakan, nja tina naon bae, arek saakal-akal, da kaoela ajeuna geus djadi djalma mĕrdika. Eukeur mikir-mikir kitoe teh kaoela bidjilan tjimata moenggah njoeroetjoed, ati djadi leuleus pisan djeung ingĕt ka indoeng anoe geus hilang, eling kana piwoelangna anoe sakitoe aloesna reudjeung mangpa'atna. Oepama manehna masih keneh hiroep mah, sanadjan harita aja di ĕnggon sangsara oge, geus tangtoe nja soeka-boengah bae ati kaoela teh.

Eta kaoela di dinja lila pisan nja njeungtjeurikan indoeng, estoe nalangsa kabina-bina, taja papadana. Tatapi moenggoeh kaoela pribadi, djalma anoe doraka, harita euweuh pisan pikiran moentang ka Goesti Allah, ngan woengkoel ngarasakeun kanalangsaan djeung katoegĕnahan ati bae.

Barang kaoela keur hoelang-hoelĕng di dinja, torodjol datang anoe toenggoe garedja, moekakeun lawang garedja, arek ngagojangkeun lotjeng, pedah poë riaja. Kaoela toeloej nangtoeng bari mere tabe ka manehna djeung toeloej ngabantoean ngagojangkeun lotjeng.

Harita kaoela nĕrangkeun maneh ka manehna, jen kaoela djalma paminggatan, sarta sakalian menta toeloeng, sangkan djadi salamĕt. Tidinja manehna ngadjakan ka imahna ka kaoela teh. Barang nĕpi ka imahna, toeloej kaoela disoegoehan tjikopi bari dibawa tjatjarita, biasa ngakoe ka semah anoe kakara papanggih bae. Manehna ngakoena teh someah pisan sarta ngawĕwĕlingan, soepaja kaoela gantjang doemeuheus ka anoe djadi kapala di eta tĕmpat, njoehoenkeun soerat katĕrangan.

Ari wantji djam7 isoek-isoek toeloej kaoela ngadeuheusan ka Burgemeester, ngoendjoekkeun lalampahan kaoela ti awal nĕpi ka ahir.

Ari saoerna Burgemeester teh: „Koemaha ajeuna pikarĕpeun sampean teh?"

Wangsoelan kaoela: „Weu, eta mah geus koemaha kĕrsana Goesti Anoe Sipat Kawasa bae, asal koering tiasa barangtĕda."

Saoerna Burgemeester: „Ah! Di dieu soesah pisan baris sampean, sabab ajeuna loba katjida djalma paminggatan ti tanah Duitschland teh, kalakoeanana hĕnteu pati hade ajeuna kĕbat bae ka nagara Brussel. Di ditoe sampean nĕda asoep kana balatantara pĕrang nagara Parasman, anoe baris dipadjoekeun pĕrang di tanah Sĕpanjĕ. Lamoen sampean poeroen, ĕngke koe kaoela baris dibere soerat-katĕrangan, soepaja bisa datang ka nagara Brussel. Di eta nagara sampean tangtoe bisa doemeuheus ka Kangdjĕng Toean Minister djadjahan Nagara, njoehoenkeun asoep djadi soldadoe balatantara nagara Parasman."

Sanadjan kaoela hĕnteu njaho oge di atoeranana hal anoe djadi soldadoe nagara Parasman, anoe baris pĕrang di tanah

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Sĕpanjĕ, kaoela teh pĕrloe koedoe noeroetkeun kana nasehatna eta Burgemeester, tina katara pisan kahadeanana, kitoe deui poetrana istri karoenjaeun pisan ka kaoela teh; malah kaoela waktoe arek indit ti boemina, andjeunna maparin pibĕkĕleun doeit ƒ 1.—. Atoeh kaoela teh katjida pisan atohna, tina eta doeit geus tangtoe tjoekoep baris bĕkĕl njaba ka nagara Brussel.

Gantjangna bae kaoela geus datang ka nagara Brussel sarta toeloej doemeuheus ka Kangdjĕng Toean Minister djadjahan Nagara.

Sanggeusna adjeunna mariksa roepa-roepa ka kaoela, andjeunna sasaoeran deui, kieu: „Maneh ajeuna arek koemaha nja pikarĕpeun?"

Kaoela ngawangsoel: „Weu, eta mah geus koemaha kĕrsa Kangdjĕng bae, djisim abdi soemĕdja ngiringan."

Ari saoer andjeunna: „Maneh teh paminggatan ti tanah Duitschland; koe timbangan kami, noeroetkeun atoeran djalma paminggatan, maneh teh koedoe asoep djadi soldadoe balatantara pĕrang tanah Parasman, hĕnteu ditangtoekeun pikeun sakoemaha lilana, nĕpi ka eureunna pĕpĕrangan bae."

Tidinja kaoela toeloej asoep djadi soldadoe. Isoekna tĕrcĕs mangkat ka nagara Nansi. Nja di dinja kaoela teh manggih kasoekaan, nja eta tĕpoeng djeung batoer-batoer paminggatan ti tanah Duitschland.

Ajeuna oerang toenda heula tjaritana paminggatan tea, disĕlang oerang njaritakeun heula sabab-sababna harita tanah Parasman pĕpĕrangan di tanah Sĕpanjĕ; kieu asalna anoe djadi babakoe:

Radja Sĕpanjĕ anoe djĕnĕnganana Ferdinand VII samemehna wapat, ngahibatkeun makoeta karadjaanana ka poetrana istri, djĕnĕnganana poetri Isabella, sabab Radja hĕnteu kagoenganeun poetra pamĕgĕt.

Barang eta Radja Ferdinand VII teh wapat, nja tĕroes bae ditoeloejkeun koe poetrana tea, poetri Isabella, djoemĕnĕng Radja di Sĕpanjĕ. Tatapi raina radja anoe wapat tea, anoe djĕnĕnganana Pangeran Don Carlos, katjida pisan panaseun manahna, pedah andjeunna hĕnteu kapilih djadi radja. Koe tina kitoena eta Pangeran Don Carlos, gĕr bae ngadamĕl roesoeh, pada noeloeng koe abdi-abdina anoe aranoet ka andjeunna, arek ngarĕboet makoeta karadjaan ka Ratoe Isabella tea. Ari Ratoe Isabella ditoeloenganana pĕpĕrangan, nja eta koe Parasman djeung Inggris. Djadi koe tina kitoena eta Pangeran Don Carlos teh laoen-laoen nja eleh oge pĕpĕranganana teh, kawantoe dihoeroep koe doea nagara.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Tah kitoe sababna anoe matak eta Parasman pĕpĕrangan di tanah Sĕpanjĕ teh.

Ajeuna oerang noeloejkeun deui tjaritana paminggatan tea: „Di nagara Nansi kaoela tĕpoeng djeung djalma-djalma anoe maringgat sapĕrti kaoela, eta nja ngadjadikeun soeka-boengah oge, soemawonna katambah-tambah maranehna teh njaritakeun kangeunahanana di tanah Sĕpanjĕ, kieu pokna: „Eta tanah Sĕpanjĕ, tanah pangäloes-aloesna pisan di doenja; saniskara kadaharan loba katjida, nja kitoe deui boeboeahan roepa-roepa, meh hĕnteu aja hargana bae; sakama-kama ngadahar, lakar oerang daek ngala bae, koe tina kalobaanana. Soemawonna ari anggoer mah, — geuning anoe kamashoerkeun anggoer Sĕpanjĕ anoe raos tea, — mani ngotjor tjara tjai-solokan bae ngorotjok ti loehoer pasir ka lĕbak!"

Eta tjaritaan nja loba oge anoe bĕnĕr, tatapi ari moenggoeh baris paminggatan anoe sapĕrti kaoela mah, eta tanah Sĕpanjĕ teh, hĕnteu matak djadi kangeunahan, estoe ngan woengkoel djadi kadoekaan bae, boekti ĕngke ari kaoela datang ka tanah Sĕpanjĕ. Ari harita mah pikiran kaoela eta tanah Sĕpanjĕ teh geus estoe sawargana bae.

Tiloewĕlas poë lilana kaoela nja aja di nagara Nansi teh. Geus kitoe aja parentah, isoekan koedoe indit ka tanah Sĕpanjĕ, reana batoer kabehna aja 35 djalma. Isoekna, isoek-isoek, bral marangkat. Oenggal poë nja leumpang teh lilana lima nĕpi ka toedjoeh djam. Eta kasĕboet sĕdĕng bae hĕnteu pati matak ripoeh teuing. Geus tangtoe bae kaoela djeung batoer-batoer hĕnteu ngarasa ripoeh, woengkoel soekan-soekan bae, da kapan rek leumpang ka sawarga.

Sanggeusna 42 poë lilana nja indit ti nagara Nansi, mĕnĕran tanggal 26 Juli 1836 kaoela djeung batoer-batoer djol daratang ka nagara Paoe, di watĕs tanah Parasman djeung Sĕpanjĕ, pĕrnahna dina soekoe goenoeng Pirenien.

Nja di dinja kaoela kakara diadjar mĕtakeun pakakas lilana tiloe minggoe.

Dina boelan Augustus bral kaoela djeung batoer-batoer arindit, njorang pagoenoengan Pirenien nĕpi ka nagara Pampelona. Di deukeut nagara Barbaho, hĕnteu djaoeh pĕrnahna ti nagara Madelet, mimiti gĕr pĕrang-tjampoeh rame pisan.

Tah, nja di dinja kaoela kakara pisan ngambeu baoena obat-bĕdil dina djĕro pĕpĕrangan. Waktoe kaoela ngadenge pelor-pelor tinghariĕng kana tjeuli, kaoela leuwih-leuwih nja risi sieun keuna djeung katambah-tambah ingĕt ka indoeng-bapa

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

anoe sakitoe aralimna. Kitoe deui kaoela ingĕt ka Goesti Anoe Maha Soetji, hĕnteu pĕtot nĕnĕda, sangkan dipaparinan salamĕt tina bahaja. Tatapi ari moenggoeh kaoela mah, djalma doraka, ngan sakeudeung pisan ingĕt kana kahadean teh, ngan waktoe eukeur meunang kasoesahan bae, ari geus leungit mah eta kasoesahan, nja sakadalon-dalon deui bae, tjara sasari.

Barang kadoea-kalina pĕrang, nja eta deukeut nagara Pontelarina, harita kaoela wani pisan dina pĕpĕrangan teh, hĕnteu njaah kana pati. Tatapi eta kawanian kaoela sakitoe teh, ari babakoena mah koe tina satĕngah mabok bae, tina kalobaan teuing nginoem anggoer.

Satahoen djĕpoet 1836 — 1837 gawe teh ngan pĕpĕrangan bae. Sabisa-bisa ngarampasan barang-barang djeung maehan moesoeh, baladna Pangeran Don Carlos tea.

Bareto kaoela sok mindĕng pisan ngimpi nendjo kaaloesanana tanah Sĕpanjĕ; eta ĕnja bĕnĕr pisan, hĕnteu salah, soemawonna di tanah Navarre mah katjida pisan rarĕsikna teh sarta tanahna gĕmoek katjida. Naon bae anoe disĕbarkeun atawa ditantjĕbkeun di dinja gantjang pisan djadina sarta moeloes, sanadjan hĕnteu pati dipiara ĕnja-ĕnja oge. Kakaian djeung djoedjoekoetan di pigoenoengan haredjo-lembok pisan djaradina teh. Kĕkĕmbangan di tĕgalan, sanadjan hĕnteu dipiara koe djalma oge, leuwih-leuwih araloesna teh, estoe matak rĕsĕp pisan nendjo. Rĕmĕn pisan kaoela di dinja manggihan tatangkalan laleutik anoe aja di tanah Duitschland, djeung warna-warna bangsa djoekoet anoe sakitoe araloesna, kĕmbang-kĕmbangna rarĕsmi pisan, pantĕs lamoen dipĕlak dina patamanan toean-toean anoe saroegih.

Koe tina kaaloesanana djoedjoekoetan, kĕkĕmbangan djeung tatangkalan di eta tĕmpat, kaoela geus hĕnteu bisa njaritakeun deui. Geus taja pĕtana bae djalma oerang dinja datang ka kakoerangan sandang-pangan, sanadjan ngan satahoen sakali oge hese-tjape, mĕlakna djeung diboeatna, tina taneuhna sakitoe aloesna djeung gĕmoekna. Tatapi eta hese-tjape anoe sakitoe entengna teh, katimbangna koe djalma di eta tĕmpat mah, masih beurat keneh bae koe tina ngĕdoelna.

Roepa-roepa sajoeran, sapĕrti: ĕngkol, andewi, saladah, lobak, djaboeng, sasawi djeung sadjaba ti eta, di dinja djaradi sorangan bae. Eta sajoeran koe oerang dinja sok didjarieun angeun-sop, tapi handjakal pisan eta angeun-sop teh sok pangset teuing djeung katjida ladana koe pĕdĕs.

Ari pĕdĕs di dinja loba pisan, malah katjĕloek ka sedjen nagara oge, tjek paribasa pĕdĕs Sĕpanjĕ. Kabiasaanana eta pĕdĕs koe oerang dinja didaharna sok djeung roti. Ari anjaran mah kaoela teh hĕnteu pati beuki kana eta pĕdĕs teh, lada,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

tatapi ari lila-lila mah djadi biasa oge. Kitoe deui bab anggoer di dinja loba katjida, malah djalma anoe pangmalaratna oge, nja sok nginoeman anggoer bae salawasna teh.

Enggeus tangtoe bae sadajana meureun ngamaranah, koe sabab kaoela djeung batoer-batoer waktoe harita taja pisan nja kakoerangan, meureun moedji soekoer ka Goesti Allah, tina geus dipaparin rĕdjĕki sakitoe lobana; tatapi eta salah, lain kitoe. Moenggoeh kaoela mah djeung batoer-batoer anoe daroraka, gawe teh ngan marabok bae, tina taja deui anoe diarinoem ngan anggoer, kamana-mana teh diiringkeun koe tahang anggoer. Nja kitoe deui kadaharan oge diasakanana make anggoer, samalahan kedjo oge, anoe baris dihakan oenggal poë, sok ditinjoeh heula koe anggoer bae.

Imah-imahna di kampoeng hĕnteu beda djeung di tanah Duitschland, tatapi ari aloesna dina papakean, katjida pisan bedana teh. Awewena, sanadjan anoe malarat oge, saillana sok make tioeng soetra bae. Dĕmi lalakina tara tinggal make kamedja djeung rompi anoe araloes, samalahan anoe djadjaloek oge sok tara tinggal ti rompi. Oerang dinja sok rarĕsĕpeun pisan marake kantjing doeit anoe sahidjina pangadji 50 sen. Malah anoe pangmalaratna oge sok make bae kantjing noe kitoe teh; tajohna mĕnding paeh langlajeuseun, ti batan ngadjoeal kantjing mah pikeun meuli roti. Kawoewoehan di dinja taja pĕtana kana aja oesoem patjĕklik teh, datang ka anoe malarat kapaksa koedoe nĕpi ka ngadjoeal kantjingna, sabab di dinja mah moenggoeh Goesti anoe sipat Kawasa teh maparinna tĕtĕdaeun sakitoe lobana.

Tina sakitoe nja dipasihan kamoeljaan, ari bĕnĕrna mah maranehna teh koedoe soedjoed-soekoer ka Goesti Allah, tapi ieu mah anoe diparoendjoeng-poendjoeng teh bĕt artja-artja bae djeung wikoe-wikoe.

Matak kaget katjida nendjo lakoe-lampahna pĕrkara agama djeung kapĕrtjaanana oerang dinja. Di oenggal-oenggal imah, di djĕro atawa di loeareun panto, disadiaan hidji wadah paragi njieun tjakra. Saha-saha anoe asoep atawa kaloear ti imah teh, koedoe bae njieun hidji tjakra. Malah kaoela oge nja noeroetan njieun eta tjakra, sanadjan sedjen agama oge, sabab oepama hĕnteu daek njieun eta tjakra, geus tangtoe oerang teh moal bisa hiroep leuwih ti 24 djam, geus tangtoe aja noe maehan.

Ari wikoe-wikoe di dinja estoe dipoendjoeng-poendjoeng pisan, samalah papakeanana oge sok dipoesti-poesti, ditjarioeman, ngarah bĕrkahna. Oepama aja wikoe pinoedjoe keur leumpang, sapaparat djalan leungeunna teh ngan mĕta bae bari ngadoa, biwirna koenjam-koenjĕm, ngabagi bĕrkah ka sakabeh djalma.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Di dinja djalma-djalmana oenggal-oenggal poë katjida pisan mërloekeunana ka garedja; oepama di djëro geus pinoeh teh, nja toeloej sarambeang di loear bae, sawareh mah di djalan-djalan tapak-dëkoe, pek bae sarambeang.

Sadajana meureun ngamara'loem, anoe matak kitoe kalakoeanana teh, koe tina ngestokeun kana agamana kalajan ati poetih eta mah lain kitoe; oenggal-oenggal poë di djëro garedja teh sok aja djalma anoe dipaehan. Kana maehan djeung njilakakeun batoer teh di dinja geus djadi kabiasaan pisan. Awewe-awewena oge salawasna sok njaroren peso sëkin bae, djeung oepama aja roesoeh saeutik, gantjang bae eta pakarang diparësat. Mindëng pisan sok aja anoe maehan doeloer hënteu poegoeh-poegoeh, lantaran tina boeboek leutik, geseh pamanggih përkara agama saeutik.

. Ari adat loembrah awewe-awewena oenggal poë sok tara tjaritjing di imah, kararësëpna teh sok arandjang-andjangan, atawa ngararioeng di sisi djalan, ngawarangkong. Ari lalakilalakina garawena ngan dialadjar bëbëdil atawa ngahadja nareangan pimoesoeheun.

Tangtoe koe sadajana oge kamara'loem pisoesaheunana kaoela djeung batoer-batoer aja dina eta tëmpat anoe sakitoe wëritna djeung djalma-djalmana sakitoe nja garoreng atina. Kaoela mindëng pisan nendjo koe mata pribadi, aja djalma oerang dinja ngadjakan ngomong sarta boedi manis ka batoer kaoela, ari bongoh-boengoh, gëdjos bae nëwëk koe sëkin. Ari geus nëwëk mah, bërëbët bae loempat tipaparetot. Malah kaoela oge pribadi meh bae meunang tjilaka gëde, koe lantaran kadjarahatanana oerang dinja.

Dina hidji mangsa kaoela ngandjrëk di sahidji imah di desa Patrille. Harita batoer kaoela kabehna aja toedjoeh, 6 soldadoe djeung 1 kopral. Kaoela djeung batoer-batoer mareunang bedja, jen di djëro eta imah sok mindëng pisan aja soldadoe dipaehan. Ari anoe ngareusian eta imah aja 4 djalma, nja eta hidji awewe djeung tiloe anakna awewe. Eta anoe boga imah ngakoena djeung njoegoehanana katjida pisan hadena, warna-warna inoeman djeung kadaharan disadiakeun, taja kakoerangnana.

Koe tina sakitoe hadena, liwat tina biasa, djadi kaoela sabatoer-batoer pada baroga ati rempan. Harita badami djeung batoer-batoer, soepaja pada ati-ati, oelah nëpi ka marabok. Oenggal-oenggal peuting piligënti ngadjaga panto kamar bisi aja koemaonam.

Mënëran dina poë Ahad kaoela djeung batoer doeaan njaraba; ari baralik ka pangandjrëkan, kaoela nendjo aja sababaraha lalaki di eta imah njaroempoet, tatapi kaoela api-api hënteu

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

njaho bae. Ari geus asoep ka kamar, toeloej koe kaoela ditjaritakeun ka kopral.

Tidinja kopral nanja: „Sabaraha oerang kabehna teh?"

Ari djawab kaoela: Kira-kira bae aja 3 atawa 20 djalma."

Tjarek kopral: „Bo, atoeh oerang teh moal pitahaneun ari ngalawan 20 djalma mah!"

Omongna batoer-batoer: „Ajeuna koemaha oerang nja piakaleun?"

Ari djawabna sahidji soldadoe: „Batoer-batoer, hajoe oerang ajeuna bae narempoeh ka eta moesoeh teh, marake pedang, meungpeung beurang, da ari ngadago peuting mah, geus tangtoe oerang teh hamo pikoeateun!"

Tidinja sabatoer kaoela kabeh toeloej sasadiaan ngareusian bedil djeung maratek pedang, pada diabarkeun bari taroeroen njampeurkeun ka awewe anoe boga imah tea.

Ari omong kopral ka eta awewe teh: „Maneh njoempoetkeun moesoeh, di mana eta moesoeh teh koe maneh disoempoetkeunana?"

Barang eta awewe ngadenge pananjana kopral kitoe, manehna teh semoe reuwaseun pisan barina soesoempahan, jen euweuh deui djalma di eta imah, kadjaba manehna pribadi djeung anakanakna awewe tea. Barina soesoempahan kitoe teh manehna gantjang nitah moeka botol anggoer keur njoegoehan ka kaoela kabeh. Tatapi kaoela djeung batoer-batoer henteu barang parosea kana panjoegoehanana teh, teroes bae ngarahrah imahna, tatapi weleh henteu manggihan naon-naon.

Kabeneran pisan, waktoe kaoela djeung batoer-batoer arek baralik deui ka kamar pamondokan, aja hidji batoer ngeserkeun lomari ti sisi tembokan. Dina satoekangeunana eta lomari bet aja saroepa panto, gantjang diakalan diboeka, bet beh bae aja djalma lalaki tiloean marawa pakarang njaroempoet di dinja. Tidinja gantjang bae eta tiloe djalma teh diraringkoes, bari arek toeloej diparaehan. Tatapi barang arek dor dibedil, eta baroedak awewe anoe tiloe, anakna anoe boga imah tea, gantjang njalampeurkeun barina ngaromong melas-melis nerangkeun, jen eta djalma-djalma anoe tiloean teh lain djalma djahat, tatapi nja eta doeloer-doeloer maranehanana; ari anoe matak njaroempoet di dinja, sabab maranehna baroga dosa maraehan moesoehna, doea djalma anoe aranoet ka Pangeran Don Carlos.

Tidinja eta tiloe djalma teh toeloej dileupaskeun deui, sarta didjarangdjian oelah daratang deui ka dinja.

Kaoela djeung batoer-batoer nja ngalandjrek di eta imah teh 3 boelan lilana, salilana estoe ati-ati pisan, ari ti peuting bari hees teh sok ngagigirkeun bedil beunang ngeusian djeung

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka

pĕdang beunang matĕk, sarta oenggal peuting bagilir ngadjaga panto kamar, malah-malah eta panto teh sok dipalang koe balok djeung make rante beusi, soepaja pageuh.

Hĕnteu lila heuleutna ti waktoe harita, toeloej kaoela djeung batoer-batoer teh diparindahkeun ka sedjen tĕmpat, digantian deui koe 6 soldadoe anoe sedjen baris ngandjrĕk di eta imah. Maranehna njaleungseurikeun kana lakoe sabatoer-batoer kaoela kitoe teh, pedah sakitoe nja arati-atina. Eta balok djeung rante beusi paragi mageuhan panto teh, koe maranehna diparitjeunan, tatapi ari isoekna kaboektian pisan tina koerang ariatna, batoerna tiloean soldadoe geus ngadjalolor aja anoe maraehan.

Di antara balad oerang Parasman djeung oerang Priboemi salawasna pabentar bae. Sabatoer-batoer kaoela katjida pisan dipikasarieunna koe oerang dinja teh; ka mana bae kaoela djeung batoer² daratang, kabeh njaringkah, kawas baroedak kadatangan koe bangbarongan bae. Oepama kaoela sabatoer-batoer daratang kana hidji tĕmpat, gantjang kapala-kampoengna dipĕntes, soepaja njadiakeun dadahareun. Lamoen manehna hĕnteu ngagoegoe, atawa koerang gantjang ngadjalankeunana pamenta, toeloej bae sabatoer-batoer ngararajah kahakanan ka oenggal-oenggal imah. Atawa sakapeung mah kakara bae Kopral teh arek badami djeung kapala-kampoeng hal tĕda, kaoela mah djeung batoer-batoer teh geus prak bae ngararajah sakama-kama. Atoeh geus tangtoe bae oerang Priboemi teh ngarewaeun ka balad Parasman, da kitoe taladjakna. Anoe djadi babakoe sok njarilakakeun ka soldadoe-soldadoe teh, nja eta baroedak awewe landjang. Ari arakalna kieu: api-api hareureuj djeung soldadoe-soldadoe, marere boedi manis, ngaradjakan pĕlĕsiran ka tĕmpat anoe soeni bari marawa peso sĕkin, disaroempoetkeun dina tjangkengna. Ari geus nĕpi ka tĕmpat anoe soeni teh, gĕdjos bae eta soldadoe-soldadoe teh ditarĕwĕk koe sĕkin tea, datang ka marisan pisan.

Koe tina kitoena kaoela djeung batoer-batoer katjida pisan saroesahna, kawoewoeh-woewoeh ari lila-lila mah sok kakoerangan tĕda, djeung meh hĕnteu koeat koe tiris, kawantoe aja di pigoenoengan Pirenien, da harita oesoem tiris.

Saĕntasna pĕrang di Montelarina, tidinja ngamimitian aja kasoesahan anoe leuwih-leuwih bangĕt. Anoe satadina tanah Sĕpanjĕ disĕboetkeun sawarga teh, ajeuna mah ngan woengkoel djadi narakana bae, sabab salilana oesoem tiris, kaoela sabatoer-batoer araja di pigoenoengan, ari hees estoe ngagaloler bae di tĕgal disasarapan koe djarami. Dĕmi ti beurang aproek-aproekan nareangan tĕtĕdaeun. Harita kaoela katjida pisan nja nalangsana pikir, kawoewoehan beuteung tingkoeroeboek, lapar hajang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

njatoe, tikoro kokorolokan, beak nja hanaang hajang nginoem. Papakean geus roebat-rabet sarta pinoeh koe toema, geus meh hĕnteu beunang dipake bae.

Kaoela djeung batoer-batoer harita geus hĕnteu diaroeroes tĕdana deui, samalah bajaran oge geus lila hĕnteu dibajar; djadi kapaksa kaoela sakabeh koedoe pada njaliar tĕtĕdaeun pikeun sadiri-dirina pribadi bae.

Ari lakoe-lampah meh saroea djeung begal bae; menta reudjeung paksa-piroesa ka oerang dinja teh. Hal lakoe-lampah kahadean atawa ingĕt kana agama, geus lĕs bae hĕnteu ingĕt saeutik-eutik atjan. Kaoela mindĕng pisan hĕnteu njaho di ngaranna poë, soemawonna ari kana tanggal boelan mah geus hĕnteu njaho pisan. Katoeroeg-toeroeg eukeur mah sakitoe nja soesahna teh, kapaksa koedoe ninggalkeun batoer anoe kataradjang gĕring njĕri soekoe, tina taja pĕtana digotong ka roemah-sakit, koe tina sakitoe djaoehna. Eta anoe gĕring teh katjida pisan mĕlas-mĕlis menta dipaehan dibĕdil, koe tina hĕnteu kadoega baris ngagoler lila-lila di djalan.

Ari moenggoeh kaoela djeung batoer-batoer, ari kana maraehan mah ka batoer-batoer anoe garĕring teh hĕnteu warani, anggoer diaringkeun bae, ditaringgalkeun, sina maraot sorangan. Eta anoe maraot di djalan, pangrasa kaoela leuwih oentoeng ti batan hiroep kasangsara sapĕrti harita.

Lila-lila kaoela oge nja kataradjang koe eta kasakit njĕri soekoe teh nĕpi ka hĕnteu bisa leumpang, tatapi harita oentoeng pisan, ĕnggeus deukeut ka nagara Saragossa, djadi kaoela koe batoer-batoer teh toeloej digotong bae diasoepkeun ka roemah-sakit.

Kaoela nja aja di eta roemah-sakit nĕpi ka boelan Februari 1838. Oentoeng pisan eta soekoe kaoela teh bĕt bisa tjageur deui, tatapi sanadjan kitoe oge, ingĕtan kaoela teh geus tangtoe bakal nĕkanan paeh langlajeuseun bae, sabab di ieu roemah-sakit teh ngan dibere barangtĕda sakadar oelah nĕpi ka paeh bae.

Koe sadaja oge meureun kamaranah, sakoemaha kaboengahanana kaoela barang ngadenge bedja, jen eta pĕpĕrangan teh dieureunan, sarta balad Parasman baris tereh balik ka nagarana.

Ti dinja kaoela toeloej gagantjangan indit ka nagara Pampelona reudjeung soeka-boengah sarta tĕroes ka nagara Paoe, watĕsna tanah Parasman tea. Nja di dinja kaoela koe Pamarentah Nagara dikaloearkeun tina pagawean soldadoe, meunang njaba ka mana-mana, tatapi bangĕt nja soesah, koe sabab hĕnteu boga doeit pibĕkĕleun.

Ajeuna kaoela teh geus djadi deui djalma mĕrdika, tatapi nja eta djalma mĕrdika baris ngalampahan djadjaloek.

Eukeur waktoe kaoela mikir-mikir nja piloseun, bĕt ngeng

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

bae aja bedja, jen ajeuna Pamarentah Parasman eukeur ngoempoelkeun deui djalma pikeun djadi soldadoe, baris diiangkeun pĕrang ka tanah Afrika. Kaoela saoemoer hiroep tatjan pisan njaba ka tanah Afrika teh, tatapi batoer-batoer kaoela sawareh aja oge anoe ĕnggeus njaba ka dinja, waktoe djaradi soldadoe; njararitana ngan woengkoel kasoesahan bae di eta tĕmpat teh, djadi kaoela euweuh djorodjoj kana hajang djadi deui soldadoe teh, soemawonna indit pĕrang ka tanah Afrika mah. Katambah-tambah kaoela teh masih ingĕt keneh kana kasangsaraan waktoe di tanah Sĕpanjĕ, masih keneh djidjiraeun, sarta mindĕng boga pikiran kieu: „Ah! mĕnding oge djadjaloek tinimbang djeung indit ka Afrika mah!"

Sababaraha poë kaoela teh nganggoer bae taja gawe. Geus kitoe toeloej kaoela ngadeuheusan ka kapalana di eta nagara, oendjoekan baris asoep deui kana gawe, tapi hĕnteu ditangtoekeun iraha baris asoep deui kana gawe teh. Tidinja toeloej koe andjeunna dipaparin soerat-katĕrangan, jen kaoela djalma miskin. Eta soerat-katĕrangan beunang dipake nĕpi ka nagara Straatsburg. Harita batoer teh aja opatan, kalima kaoela; anoe doea oerang Walanda, hidji oerang Wurtemburg djeung anoe hidji deui oerang Beyeren.

Ti dinja bral kaoela djeung batoer-batoer arindit; sadjalan-djalan garawe teh ngan djaradjaloek bae. Di djĕro boelan April kaoela kakara nĕpi ka nagara Straatsburg, tatapi geus ripoeh pisan, papakean geus roewak-rawek, soemawonna ari sapatoe mah geus hĕnteu boga pisan.

Tah kitoe eta lalampahan kaoela teh waktoe di Sĕpanjĕ, sakitoe nja kasangsaraan.

Ajeuna kaoela geus aja deui di watĕs tanah Duitschland. Harita kaoela katjida pisan nja hajang balik deui ka bale geusan ngadjadi. Ari batoer kaoela anoe doeaan tea mah maksa bae arasoep ka tanah Duitschland teh, tina geus hĕnteu barisaeun narahan napsoena, harajangeun geura gok papanggih djeung sanak-barajana. Ari moenggoeh kaoela mah djeung doea batoer oerang Walanda tea hĕnteu warani nintjak ka tanah Duischland teh, sabab kaoela mah djeung eta doea batoer teh djalma paminggatan. Oepama wani-wani asoep ka eta tanah sarta katangkĕp koe Pamarentah Nagara, geus tangtoe bakal ngalakonan deui siksaan boei sakoerang-koerangna tambah 15 tahoen deui lilana.

Di eta nagara kaoela nja ngandjrĕk di hidji pamondokan anoe djaradjaloek bae. Tatapi eta anoe boga pamondokan teh, sĕmoena hĕnteu pati tjotjogeun disemahan koe kaoela mah, tina koe manehna katara, jen kaoela hĕnteu boga doeit djeung sok tara indit djadjaloek.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Eta anoe boga pamondokan ngomong kieu ka kaoela: „Sobat! pikeun pĕrtjoemah kaoela geus tangtoe moal bisa mere barang-dahar ka andika teh. Lamoen andika daek djadjaloek mah sarta mawa naon-naon ka kaoela beunang baramaen, hade matoeh di dieu. Koe timbangan kaoela, andika teh anggoer djadi soldadoe, miloe pĕrang di tanah Afrika, tangtoe andika tampa doeit angkil (oeang kĕras) pikeun njombo-njombo ka kaoela."

Harita kaoela teh bingoeng pisan, pikiran mandĕg-majong bae, aja poeroen aja hĕnteu, djadi deui soldadoe teh. Bari mikir-mikir kitoe teh, toeloej kaoela ngagelehe kana medja.

„Wah!" tjek anoe boga pamondokan teh, „geura los djadjaloek teh, sabab oepama poë ieu andika hĕnteu mere doeit satalen ka kaoela, geus tangtoe andika bakal ditoendoeng koe kaoela."

Koe tina bangĕt nja napsoe, gantjang bae kaoela indit ti eta pamondokan teh. Kira watara sadjam lilana geus balik leui, bari mawa doeit angkil, lobana limawĕlas kĕtip, nja eta kaoela teh djadi deui soldadoe, baris pĕrang di tanah Afrika tea.

Harita ati kaoela teh asa dibeungbeuratan koe timah bae, estoe handjakal pisan, kagantjangan teuing djadi deui soldadoe. Tatapi ari estoe-estoena mah kaoela teh nja ngaharti oge, sababna anoe matak moedoe kitoe. Koe kĕrsana Goesti Allah kaoela geus njandang kasangsaraan anoe sakitoe bangĕtna di tanah Sĕpanjĕ, nja eta soepaja ati kaoela, anoe teuasna tjara batoe, sina djadi leuleus; tatapi ajeuna bĕt dĕngdĕng bae teuasna teh. Tajohna bae kaoela teh sina manggihan deui kasangsaraan anoe leuwih-leuwih bangĕtna ti batan katoekang-toekang, anoe matak Goesti Allah ngĕrsakeun maparin ingĕtan ka kaoela hĕnteu saroea djeung batoer oge. Moenggoeh Anoe Kawasa nja katjida pisan djĕmbar pangampoerana, ngadamĕl anoe doraka djadi babalik pikir.

Ari maksoed kaoela harita, sabisa-bisa hajang oelah djadi djalma babalik pikir bae, soepaja tĕtĕp djadi djalma doraka, koe tina geus kapalang nja lampah. Tatapi eta sakabeh pikiran kaoela anoe garoreng tea, moenggoeh kĕrsana Goesti Allah mah didamĕl djalan baris kahadean bae, anoe matak kaoela dikĕrsakeun indit ka tanah Afrika teh, nja eta soepaja ngalampahkeun soemoedjoed njĕmbah ka Andjeunna.

Gantjangna dina tanggal 13 Mei kaoela geus aja di nagara Nansi deui, tĕroes diiangkeun ka nagara Toelon, di sabeulah kidoel tanah Parasman, nja datang ka eta nagara tanggal 23 Juni; salamĕt teu aja naon-naon.

Tiloewĕlas poë lilana kaoela aja di tangsi Sapeurohen; geus kitoe toeloej kaoela toempak kapal, kabehna batoer aja 175 soldadoe, tĕroes lajar lilana lima poë lima peuting, kakara nĕpi

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

ka palaboean Algier, nja eta di tanah Afrika, basisir sabeulah kaler."

Toenda heula tjarita anoe minggat tea, disĕlang heula oerang njaritakeun asal-asalna anoe matak harita oerang Parasman pĕpĕrangan di tanah Afrika.

Ti baheula ĕnggeus kamashoerkeun pisan, jen oerang Afrika basisir sabeulah kaler gawena ngan ngabaradjo bae di laoetan, soemawonna oerang Algier mah geus djadi oesaha bakoe pisan ngabaradjo teh. Ari babakoena mah eta ngabadjo lain ngan kararĕpna oerang dinja pribadi bae, tatapi saĕnja-ĕnjana mah dipiwarang koe Radjana. Atoeh moenggoeh kapal-kapal dagang oerang Eropa katjida pisan raroegieunana, koe tina ari ngaraliwat di laoetan deukeut palaboehan Algier teh, sok dibaradjo koe oerang dinja, kapalna djeung barangna dirarampas, djalma-djalmana eusi kapal dikaraniaja, didjieun beulian, geus hĕnteu pilih bangsa. Atoeh moenggoeh anoe djaradi Radja di Eropa katjida pisan arewĕdeunana teh, tina abdi-abdina anoe daragang sok diraroeksak koe oerang Algier. Malah djaman baheula Soesoehoenan Karel V, Radja di Duitschland, di tahoen 1541 ĕnggeus ngĕrsakeun ngaroeroeg pĕrang ka eta nagara Algier, tatapi taja kadjadjadianana. Geus kitoe Radja Parasman, Lodewijk XIV, oge ngĕrsakeun ngaroeroeg pĕrang ka eta nagara di tahoen 1682, tatapi wĕleh bae hĕnteu iasaeun meunang.

Atoeh eta Radja Algier teh beuki tambah-tambah bae angkoehna teh, sarta beuki tambah-tambah ngaroeksakna ka kapal-kapal dagang oerang Eropa teh.

Koe tina kitoena, lila-lila Pamarentah Inggris djeung Walanda toeloej baradami soepaja saoejoenan ngaroeroeg pĕrang ka nagara Algier tea.

Barang di tahoen 1816 eta nagara Algier teh toeloej dibarĕdilan koe mariĕm koe oerang Inggris djeung Walanda, datang ka eta nagara teh leuwih ti satĕngahna boeboek-adjoer, sarta balatantarana laoetan oge harita dibarasmi koe eta doea nagara.

Atoeh tidinja mah kapaksa eta Radja Algier teh ngadjakan badami, sosobatan djeung radja-radja Eropa, sarta djangdji moal deui-deui ngabadjo di laoet, djeung sedjen-sedjen djangdji djaba ti eta.

Tatapi sanadjan kitoe oge, masih keneh bae eta Radja Algier teh sok maling-maling ngabadjoan kapal-kapal dagang laleutik djeung andjeunna sok moendoetan padjĕg ka sakoer kapal anoe ngaraliwat di laoetan, deukeut palaboehan Algier. Atoeh radja-radja Eropa teh garĕgĕteun pisan manahna teh, nareangan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

djalan, sangkan eta badjo-badjo laoet oerang Algier dibasmi nĕpi ka beak pisan. Lila-lila bĕt beh bae aja lantaranna, kieu bedjana:

Hĕnteu pati djaoeh ti dajeuh-kolot Kartago, sawetaneun nagara Algier, aja hidji nagara, ngaranna nagara Tunis.

Dina hidji waktoe Radja Tunis ngĕrsakeun arek maparin hidji sigĕr ka pawarangna, anoe dipikaasih pisan koe andjeunna. Di eta nagara aja hidji oerang Parasman anoe ngadon dagang ĕmas-intĕn djeung barang-barang djaba ti eta, anoe araloes, boeatan tanah Eropa. Eta Radja toeloej pĕsĕn ka eta soedagar teh, soepaja dipangnjieunkeun sigĕr di nagara Parijs, baris anggoëun pawarangna tea. Barang eta sigĕr teh geus anggeus, toeloej koe eta soedagar teh disanggakeun ka Radja, hargana *f* 15.000.— Tina harita eta Radja teh keur pinoedjoe hĕnteu kagoenganeun doeit keur majar eta sigĕr, toeloej andjeunna badami djeung eta soedagar teh, nja eta andjeunna baris maparin tarigoe bae sahargana eta sigĕr tea. Atoeh eta soedagar teh atoheun pisan, tina ngarasa baris oentoeng gĕde pisan.

Katjaritakeun waktoe harita Keizer Napoleon eukeur pinoedjoe pĕrang tjampoeh pisan di tanah Eropa, pĕrloe pisan nganggo tarigoe loba, baris tĕdana soldadoe-soldadoe. Tidinja eta soedagar teh toeloej ngadjoeal tarigoena ka anoe ngoeroes tĕdana soldadoe-soldadoe Parasman, harga 500.000. roepiaeun, tatapi doeitna harita tatjan katampa kĕntjreng, ari tarigoena mah toeloej dipasrahkeun bae. Atoeh eta soedagar teh ajeuna bakal djadi beunghar pisan, baris nampa doeit ladang tarigoe sakitoe lobana.

Mangsa harita mĕnĕran Keizer Napoleon tidjoengkĕl tina maligena, tĕroes dipandjara di poelo Sintilena. Ari karadjaanana toeloej diandih koe Radja Lodewijk XVIII. Geus kitoe soedagar di nagara Tunis tea toeloej nagih ka Radja Lodewijk XVIII, nja eta ladang tarigoe tea, anoe ĕnggeus ditarĕda koe soldadoe-soldadoe Keizer Napoleon. Atoeh eta Radja Lodewijk XVIII teh hĕnteu kĕrsaeun majar ka eta soedagar teh, da geus lain-lainna deui.

Eta soedagar katjida pisan soesaheunana, satadina boga rasa bakal oentoeng, ajeuna djadi boentoeng. Pirang-pirang tahoen manehna sabisa-bisa neangan akal, njoehoenkeun toeloeng ka gĕgĕden-gĕgĕden, soepaja meunang pĕrkarana, tatapi wĕleh bae hĕnteu mĕntal. Tina geus wĕleh, taja anoe bisa noeloengan, toeloej bae manehna teh doemeuheus ka Radja Algier, njoehoenkeun pitoeloeng, soepaja eta doeitna ladang tarigoe tea bisa kapimilik, sarta djangdji, oepama hasil maksoed, baris dihatoeranan saparona. Atoeh eta Radja teh katjida pisan kabong-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

rojna koe eta doeit. Gantjang bae andjeunna ngintoenan soerat ka Pamarentah Nagara Parasman, moendoet soepaja eta doeitna soedagar, ladangna tarigoe tea, gantjang dibajar. Sababaraha kali eta Radja njĕratanana, tatapi moenggoeh koe Pamarentah Parasman, eta pamoendoetna Radja Algier hĕnteu diparosea, malah soerat-soeratna oge hĕnteu dibalĕs-balĕs atjan. Koe tina kitoena eta Radja teh katjida pisan keuheuleunana.

Dina hidji waktoe di nagara Algier aja pesta gĕde. Kabiasaanana dina pepestaan gongsol-gongsol oenggal nagara anoe aja di nagara Algier pada daroemeuheus ka Radja. Harita di eta pesta Gongsol nagara Parasman oge, Toean Duval, aja ngadeuheusan.

Dina eta pesta Radja Algier toeloej mariksa koe basa Arab ka Gongsol Parasman, kieu saoerna: „He, Toean ti Parasman! Naon sababna anoe matak eta soedagar anoe ngadjoeal tarigoe teh bĕt nĕpi ka ajeuna tatjan dibajar bae koe Pamarentah Parasman, sakitoe koe kaoela dioeroeskeun sababaraha kali?"

Eta Toean Duval harita rada kaewĕdan, tina doemadakan hĕnteu njandak djoeroebasa baris ngawangsoelan ka Radja tea, tina hĕnteu pati paham sasaoeran basa Arab, da sasarina mah sok njandak djoeroebasa. Djadi ajeuna andjeunna kapaksa koedoe ngawalonan koe andjeun koe basa Arab. Handjakal eta basana teh kasar sarta songong pisan, koe tina andjeunna koerang paham. Pokpokanana moen dina basa Soenda mah kieu: „Maneh montong miloe-mintoer kana pĕrkara anoe sedjen oerang Algier! oeroeskeun bae pĕrkara maneh pribadi!"

Barang eta Radja ngadangoe wangsoelan sakitoe kasarna djeung songongna, andjeunna bĕndoe pisan salirana moenggah ngagidir. Toeloej eta Gongsol Parasman teh rarajna diteunggeul koe andjeunna koe kĕpĕt, datang ka sotjana eta Gongsol djadi geuneuk gĕtih-ngoewoengan. Atoeh gĕr bae harita riboet pisan dina eta pesta teh.

Djadi koe sabab eta Pamarentah Parasman teh katjida pisan lingsĕmeunana, pedah gongsolna geus diwiwirang, diteunggeul rarajna koe eta Radja Algier toer dina pasamoan. Toeloej bae eta Pamarentah Parasman nangtang pĕrang ka Radja Algier.

Ari mimitina mah eta Radja Algier teh raos moekaha bae, sanadjan ditangtang pĕrang oge, sabab dina djĕro manahna kagoengan pangraos kieu: „Nagara aing aja di sisi laoet anoe sakitoe santosana, balad-balad loba djeung taja kakoerang, moal ĕnja datang ka eleh pĕrang koe oerang Parasman."

Eta soeabanana Radja Algier teh ĕngke bakal karaos koe andjeunna pribadi, sarta tĕmahna andjeunna teh bakal nĕkanan katjapanganana hidji radja, anoe leuwih pintĕr djeung bĕrboedi ti batan andjeunna, kieu pokpokanana eta katjapangan teh:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Nadjan kĕpĕng gondewa pĕdang,
wani katjida di djĕro pĕrang,
pintĕr barani taja kakoerang,
lamoen takaboer sok tara meunang.

Masih koeda gagah pĕrkosa,
di djĕro pĕrang njepak papaksa,
ngoeroeboet moesoeh sabisa-bisa,
taja goenana moal karasa.

Anging Goesti Noe Sipat Rahman,
noe meunangkeun di pĕpĕrangan,
oerang mah ngan wawajangan,
moedoe ka Goesti Allah moentangan.

Ari moenggoeh Radja Algier mah, hĕnteu tjara radja-radja noe lian, oepama aja kaewĕd teh sok moendoet pitoeloeng ka kantjana, ari andjeunna mah sok ngandĕlkeun kana kasantosaanana koe andjeun bae, nja boektina pisan andjeunna teh tidjoengkĕl tina karadjaanana, kawon pĕrang koe oerang Parasman.

Dina tanggal 5 Juli 1830 mimiti bandera Parasman teh ngelebet dina loehoereun soehoenan eta Radja Algier. Ari Radjana toeloej diboeang ka nagara anoe djaoeh pisan ti nagara Algier, sarta hĕnteu lila ti waktoe harita, toeloej andjeunna wapat di pangboeangan.

Barang di Eropa meunang bedja, jen ĕnggonna badjo nagara Algier tea geus taloek ka nagara Parasman saroekaeun katjida, soemawonna ari moenggoeh anoe daragang mah baroengaheun pisan, tina taja pikasalĕmpangeun deui lalar-liwat di laoetan deukeut palaboean nagara Algier teh.

Sanadjan ajeuna oerang Parasman geus bisa naloekkeun nagara Algier oge, masih keneh bae ari soesahna mah, koe tina di pikampoenganana katjida pisan wĕritna, hĕnteu beunang ditaloekkeun sama-sakali, atoeh hantĕm bae dipĕrangan sababaraha tahoen lilana. Eta oerang dinja katjida pisan bisana ana madjoe pĕrang teh, tatapi sok make akal litjik. Koe tina kitoena oerang Parasman katjida pisan soesahna naloekkeun oerang pasisian tanah Algier teh, koe tina sakitoe pĕlitna.

Tah kitoe sababna anoe matak harita Pamarentah Parasman ngoempoelkeun deui djalma-djalma ti roepa-roepa bangsa pikeun soldadoe-soldadoe, nja eta baris naloekkeun oerang pasisian tanah Algier anoe sakitoe djahatna tea.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Ajeuna hajoe oerang noeloejkeun deui tjaritaanana djalma anoe minggat tea:

Waktoe kaoela datang ka nagara Toelon, katjida pisan nja soempĕg ati, boga rasa djadi djalma pangtjilakana bae hiroep djadi palantoeran, djaoeh ka lĕmah tjai sorangan, tjoeroetjoed tjimata teh bidjil. Tatapi eta kanalangsaan ngan sakeudeung pisan, diganti koe hajang geura nĕpi ka tanah Afrika, anoe baris didjoegdjoeg tea.

Barang kaoela nĕpi kana waktoena indit, toeloej lajar dina hidji kapal api. Harita kaoela kakara pisan njaho di laoet, soemawonna toempak kapal mah ngan kakara harita bae; kaoela kaget pisan nendjo tingkah-lakoena di djĕro eta kapal, ĕnja oge kaoela teh djalma kasar, tatapi aja oge ari kaera mah. Ari paningkahna di eta kapal mah geus taja pisan babandinganana, koe tina hinana, meh ngoengkoelan sato-hewan bae. Di tanah Sĕpanjĕ kaoela mindĕng pisan manggihan tingkah-lakoe anoe katjida hĕnteu patoetna, tatapi di eta kapal mah leuwih-leuwih, saoemoer- hiroep kaoela tatjan manggihan anoe tjara kitoe pĕtana.

Dina eta kapal kaoela nendjo djalma bangsa Badĕwi djeung Negĕr satĕngah ditararandjang; satadina mah panjana kaoela teh bangsa sato galak bae, tina nendjo tingkah-lakoena sakitoe hinana, datang ka kaoela teh era sorangan. Koe sabab kitoe kaoela teh estoe atoh pisan, barang geus lajar lima poë lima peuting, djol datang ka palaboean Algier teh.

Eta nagara Algier katjida pisan matak waasna, katendjona koe kaoela teh, asa dina djĕro pangimpian bae. Gĕdong-gĕdongna ngarĕplak, marakbak, araloes pisan, pasĕlang djeung kĕbon-kĕbon boeboeahan, ngarĕlĕmpĕk, estoe matak kĕlar pisan. Eta nagara pĕrĕnahna dina tonggong djeung lampingan pasir, ti palaboean sakoeriling-boengkingna eta nagara awas pisan katendjona teh, asa nendjo gambar bae. Ari karatonna Radja Algier disĕboetna Kasbakabasa, ajana dina pontjlotna eta pasir, estoe ngahĕnang-hĕning pisan. Harita eta karaton koe oerang Parasman teh didjieun benteng djeung tangsi, tĕmpat soldadoe bae. Di toekangeunana eta nagara aja goenoeng loehoer pisan, njoengtjoeng tjara aseupan, ngaranna goenoeng Atlas; katendjona sĕmoe biroe tjara kĕlir mindingan ka eta nagara. Woewoeh-woewoeh nja loetjoena, tambah-tambah nja waasna moenggoeh tetendjoan kaoela waktoe harita. Tatapi eta kasoekaan djeung kawaasan teh ngan sakeudeung pisan toemĕrapna moenggoeh ka kaoela, djalma anoe nirtja ti Goesti Allah mah.

Barang kaoela djeung batoer-batoer geus harandjat ti kapal ka daratan, toeloej dipĕrĕnahkeun di eta benteng Kasbakabasa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI

tea, naroenggoe-noenggoe parentah ti anoe djadi kawasa di eta nagara.

Dina katiloe poëna kaoela djeung batoer-batoer, — kabehna aja 500 soldadoe, — toeloej diparentah mariang ka soekoe goenoeng Atlas tea, ngariringkeun reudjeung ngadjaraga barang-barang, nja eta: bata, keusik, apoe, sĕmen djeung kai-kai, baris dipake njieun benteng di deukeut Tandoetoe, djaoehna ti nagara Algier kira lalakon '12 djam. Ari anoe matak oenggal-oenggal ngiangkeun barang-barang koedoe bae diariringkeun koe 500 soldadoe, sabab sadjalan-djalan teh sok digaranggoean bae koe oerang dinja.

Barang kaoela ngiringkeun eta barang-barang teh geus 2 poë lilana, kaoela bĕt kataradjang njĕri soekoe, nja eta panjakit sasalad di eta tĕmpat, malah loba pisan anoe maraot koe lantaran eta panjakit teh.

Harita kaoela teh boga karĕp hajang geura paeh koe lantaran eta panjakit bae, koe tina geus hĕnteu tahan njandangan sangsara. Tatapi moenggoeh Goesti Allah mah ngaraksa bae kana djiwa kaoela teh; dina djĕro 8 poë kaoela teh geus tjageur deui tina eta panjakit, sarta kamistian tĕroes deui bae digawe noe sakitoe tjapena.

Di tanah Eropa, lamoen thermometer Reaumur di noe ioeh nĕpi ka 30 graad naekna, eta disĕboetkeun geus hĕnteu tahan panasna teh. Tatapi ari moenggoeh di tanah Afrika mah, nja eta di nagara Algier, eta thermometer naekna teh di antara 38 djeung 42 graad. Dina eta tĕmpat anoe sakitoe panasna, kaoela teh koedoe indit soeboeh-soeboeh djeung beurat koe babawaan ti nagara Algier ka tĕmpat pibentengeun tea. Waktoe palolohor kakara nĕpi ka Plainapimontral, watĕs bawahan Parasman djeung Arab. Ti dinja koedoe njorang tanah bawahan Arab nĕpi ka pigoenoengan Atlas tea.

Eta lalampahan salilana sapĕrti leumpang dina gawir naraka bae, sabab gawe teh bari laleumpang ngan ngareusian djeung marĕkasan bĕdil bae, nja eta ngabarĕdilan moesoeh, anoe ngaganggoe ka kaoela sabatoer-batoer. Eta pagawean katjida pisan matak tjapena, kesang mani tjara mandi bae, katoeroeg-toeroeg beak karĕp nja halabhabna djeung salilana pikir teh rarempan bae.

Sadjalan-djalan batoer teh njirihtjil bae, aja anoe ngagolepak, koe lantaran tina ripoeh, aja noe keuna koe pelor moesoeh, djeung sakoer anoe ngagolepak teh, sok tara dipirosea deui, diarantĕp bae. Estoe sapoë djĕpoet pisan taja eureunna, tĕroes bae leumpang, djeung barangbakan koedoe ngoeroes sorangan bae. Kira wantji djam 8 peuting kakara kaoela sabatoer-batoer daratang ka anoe didjaroegdjoeg teh. Di dinja mareunang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

eureun 3 djam lilana, baris olah-olah ngangeun sop djeung kadaharan djaba ti eta. Saha-saha anoe djagdjag keneh mah nja toeloej bae miroen seuneu sarta nagēnkeun parioek dina toengkoe, keur baris ngangeun sop tea. Ari kamimindēnganana mah sok arang anoe daraekeun dititah digawe teh, koe sabab kalolobaanana sadatang-datang teh satēngah narindihkeun maneh bae, ngagaloler dina keusik, koe tina raripoeheunana, reup bae salasarean.

Barang wantji djam 12 tēngah peuting kaoela sarerea ēnggeus diharoedangkeun baris baralik deui ka nagara Algier, nja daratang wantji djam 2 palolohor. Tidinja meunang eureun, ngareureuhkeun tjape nēpi ka isoek. Ari isoekna, soeboeh-soeboeh bring deui marangkat tjara sasari. Eta kitoe bae nja kalakoean teh nēpi ka 7 boelan lilana; kaoela teh sakoeat-koeat nangankeun maneh ngalakonan eta pagawean. Moenggoeh hiroep anoe saroepa kitoe, katjida pisan nja sangsarana, sapopoë ngan dordar sora bēdil bae ti oerang djeung ti moesoeh, koekoeroeboetan ka anoe bala, koe hade koe goreng djalanna teh misti disorang bae, soekoe geus garētihan, dada geus asa sēsēk, letah mani ngēlel, ti peuting moetoeh beak nja tiris, tjiproek koe iboen, ti beurang panas ereng-erengan, ngan dibēkēlan tjai djeung anggoer sabotol bae, taja deui kahakanan djaba ti eta.

Tah kitoe pētana anoe djadi soldadoe Parasman teh, harita waktoe pērang di tanah Afrika. Kawoewoeh-woewoeh di Algier mah lamoen hees dina djēro saoeng-saoeng teh, geus tangtoe bae saloear awak teh pinoeh koe koetoe-koetoe anoe sok njarongtjongan. Atoeh kaoela mah, sanadjan keur sakoemaha hees tibrana oge, ari ditjongtjong koe eta sato teh, njah bae njaring.

Lamoen eukeur leumpang dina pagawean, mindēng pisan kaoela teh noenoehoen ka Goesti Allah, soepaja keuna koe pelor moesoeh nēpi ka paeh bae. Malah-malah sababaraha kali kaoela teh ngaheungheum tjongo bēdil, arek maehan maneh, tapi bēt hēnteu dor dibeukasan, da koerang wanina ari kana maehan maneh mah.

Geus djadi itoengan bakoe pisan, tina 50 soldadoe teh dina djēro satēngah tahoen anoe paraeh geus tangtoe bae aja 45 soldadoe. Koe tina lantaran kakoeatan badan, harita kaoela teh nja bisa oge tahan lila-lila, nja eta nahan hawa djeung katjapean; tatapi ari lila-lila mah tanaga kaoela teh nja djēbol oge. Dina hidji waktoe brēk bae kaoela teh kataradjang gēring, ngan oentoengna bae harita sabalikna ti pigoenoengan Atlas. Toeloej kaoela teh diasoepkeun ka roemah-sakit. Nja harita, waktoe gēring pajah, kaoela teh mimiti boga pikiran aheng. Sababaraha peuting kaoela sok tara hees, njileuk bae, ngan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

woengkoel mikiran badan pribadi, dihantĕm ditjoektjroek saoemoer-hiroep; lila-lila bĕt beh bae kapanggih, jen eta kasangsaraan teh djadina nja tina polah sorangan keneh bae. Kaoela mindĕng pisan sok ngomong sorangan, kieu pokna teh:

„Maneh pribadi anoe salah teh, waktoe keur boedak keneh „geuning diparapatahan koe indoeng-bapa maneh, soepaja „salilana koedoe ingĕt ka Goesti Allah, tatapi maneh teh geuning „bĕt hĕnteu noeroet. Waktoe mimiti djadi soldadoe, maneh teh „bĕt sok ngahadja njoso kana sopi djeung kana ngadoe; tah „eta sababna teh, anoe matak ajeuna Goesti Allah maparin „kasangsaraan djeung kadoekaan ka maneh nĕpi ka paeh teh. „Tjing tjoba atoeh koe maneh ajeuna geura teangan eta Goesti „Allah teh. Andjeunna geus tangtoe pisan bakal maparin sagala „kasalamĕtan ka diri maneh."

Tah kitoe nja pikiran kaoela teh sakapeung-kapeungeun. Tatapi dina sedjen waktoe kaoela teh sok boga deui pikiran kieu:

„Eta estoe hĕnteu oentoeng pisan, naha bĕt maneh teh koedoe „nĕkanan hiroep anoe sakitoe kasangsarana. Kapan geuning „loba pisan djalma-djalma anoe laleuwih goreng kalakoeanana „ti batan maneh, naha geuning maranehna mah hariroep „reudjeung kasĕnangan bae, sagala taja kakoerang. Maneh teh „hĕnteu boga dosa anoe nista, kaja: maehan, ngabadog, nga„rampog djeung lianna ti eta. Geuning loba pisan bangsat„bangsat anoe patoet mareunang hoekoeman dibarĕdil make „pelor 10 siki, naha maranehna teh bĕt hariroep sarĕnang pisan, „papakeanana singsarwa soetra djeung boeloedroe bae. Tatapi „ari moenggoeh maneh mah pribadi geuning ajeuna bĕt „ngagoler dina karoeng djarami bae sarta sakitoe nja kasang„sarana, toer panteg nja malarat, lieuk euweuh ragap taja, „tjeurik njĕri peurih taja pisan aja anoe marosea."

Djadi koe sabab eta pikiran tadi anoe hade teh kalindih deui bae koe pikiran anoe goreng. Kaoela wĕleh hĕnteu narima bae meunang kadorakaan ti Goesti Allah teh, da boektina geuning sok njanjaroeakeun diri pribadi djeung djalma anoe leuwih goreng ti batan kaoela, djadi hĕnteu patoet dipaparin kasangsaraan tjara kitoe. Kaoela rĕmĕn pisan ngagĕndĕng, naha bĕt hĕnteu gantjang dipaparinan paeh bae koe moenggoeh Anoe Kawasa teh.

Sanggeus 58 poë lilana nja aja di roemah-sakit, toeloej kaoela teh asoep deui ka tangsi. Sanadjan kaoela sakitoe nja aral soebahana oge djeung sok madoean kana papasten awak, moenggoeh Goesti Allah mah hĕnteu wĕleh-wĕleh nja maparinan kasĕnangan ka diri kaoela teh. Boektina sanggeus kaoela ka loear ti roemah-sakit teh, toeloej kaoela diangkat djadi kopral djeung hĕnteu diiangkeun deui ka pagoenoengan Atlas tea. Ajeuna ka-

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

oela diiangkeun ka benteng Boegi, pĕrnahna sakoeloneun nagara Algier, lalakon 2 poë 3 peuting. Lilana nja aja di eta benteng 4 boelan, ti boelan Februnri nĕpi ka boelan Mei 1839. Geus kitoe kaoela teh toeloej diiangkeun pĕrang ka Sisili. Tah nja di dinja kaoela teh kakara njaho di pĕrang sakitoe tjampoehna, djeung harita kaoela njaho koe mata pribadi, jen oerang Arab katjida pisan waranina dina djĕro pĕpĕrangan.

Harita Pångeran ti Orleans pinoedjoe aja di tanah Afrika, ngĕrsakeun ngapalaan pĕrang di deukeut Sisili; andjeunna harita kasĕsĕkan gĕde pisan, sabab kalioeng koe moesoeh oerang Arab. Tah sababna, anoe matak kaoela diiangkeun ka Sisili teh, nja eta baris noeloengan Pangeran ti Orleans tea. Tatapi eta lain pagawean enteng-enteng, sabab eta oerang Arab teh, ari maradjoe pĕrang, sok narekad pisan paehpaeh-hiroephiroep, djeung sok tara pisan mere pangampoera ka moesoehna teh.

Eta oerang Arab, ana njarorang ka moesoehna teh, sok taroempak koeda, ditalĕgarkeun bari mareukasan bĕdil, sarta arang pisan eta pelor-pelorna njaralahan ka moesoehna teh, beunang ditangtoekeun kareuna kabeh bae. Barang maranehna dor teh mareukasan bĕdil, eta koeda-koedana anoe ditaroempakan tea ngahalartieun sorangan, toeloej gantjang ngoeliwĕd, balik sorangan, ngadjaraoehan ti moesoeh, kĕntjĕngna kawas panah anoe mĕsat tina gondewa bae. Atoeh katjida pisan soesahna djeung roeksakna eta balad Parasman teh. Dina djĕro eta pĕrang kaoela estoe kakara pisan saoemoer hiroep raheut keuna koe pelor dina pingping sabeulah ti kentja.

Eta kabeh anoe mareunang raheut teh, toeloej digarotongan atawa ditaroempakkeun kana roda, dibarawa ka roemah-sakit. Ari kaoela mah hĕnteu daek digotong teh, sabab masih keneh bisa leumpang, sanadjan raheut oge. Sanggeusna eta raheut teh dibeungkeut koe tjaretjet, toeloej kaoela teh ingkĕd-ingkĕdan, kaloear ti pĕpĕrangan. Kabĕnĕran kaoela tĕpoeng djeung hidji soldadoe anoe mawa sahidji kalde; toeloej koe kaoela ditoempakan ngadoea djeung hidji soldadoe oerang Itali, anoe meunang raheut tjara kaoela. Tatapi ari lila-lila mah kaoela hĕnteu bisa tahan dina loehoer kalde teh, sabab oenggal-oenggal ngalengkah eta sato, gĕtih mani mantjĕr-mantjĕr bae tina raheut kaoela teh djeung beak-karĕp njĕrina. Ti dinja kaoela toeroen deui bae tina eta kalde teh, toeloej ingkĕd-ingkĕdan deui, ngoeat-ngoeatkeun maneh, balik ka Sisili. Papakean kaoela pinoeh koe gĕtih, leumpang beuki laoen bae, rarasaan geus teu poegoeh; tidinja brĕk bae kaoela teh nombro di djalan djeung lĕs bae hĕnteu ingĕt.

Harita bĕt geus kitoe bae diri kaoela teh estoe diraksa pisan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

koe Anoe Kawasa, bĕt hĕnteu pĕdjet kalĕjĕk koe koeda, kagerel koe kikiping roda atawa mariĕm.

Sanggeus sababaraha lilana kaoela nja ngagoler di djalan, katarangen koe doea soldadoe, eta raheut toeloej koe maranehna teh dibaroet; geus kitoe kaoela toeloej digarotong, dibarawa ka djĕro tangsi, digolerkeun dina hidji salon-beusi.

Nja di dinja kaoela teh mimiti ingĕt ngalilir sarta ngarasa katjida pisan nja halahhabna. Harita euweuh hidji-hidji atjan djalma anoe deukeut ka kaoela, atoeh kaoela teh kapaksa doea djam lilana koedoe nahan nja kanjĕri djeung halabhab teh. Tidinja djol datang anoe ngadjaga, mere saloemoer limonade ka kaoela, toeloej diinoem, estoe ni'mat pisan karasana teh, malah ajeuna oge karasa keneh bae eta limonade teh, nja eta koe tina kani'matanana.

Isoekna toeloej kaoela digotong ka kapal, diiangkeun ka Boegi, diasoepkeun ka roemah-sakit.

Keur waktoe di Sisili kaoela njandangan sangsara koe tina halabhab, ari di Boegi bĕt njandangan sangsara lapar, sabab dina djĕro 13 poë lilana teh ngan nginoeman limonade bae, hĕnteu dibere kadaharan sedjen djaba ti eta. Lamoen kaoela bebedja lapar teh, sok disaleungseurikeun bae, malah oepama hantĕm bae ngomongkeun lapar, sok diantjam baris disiksa. Atoeh taja pĕtana, lamoen kitoe atoeranana mah raheut kaoela teh pitjageureun deui; kaoela harita boga pangira, meureun soepaja geura paeh langlajeuseun bae, dipalar ngoerangan waragad; atoeh kaoela teh geus hĕnteu ngarĕp-ngarĕp kana pihiroepeun pandjang, hajang geura hos paeh bae.

Lila-lila katara koe Doktor, jen kaoela pihiroepeun deui, tidinja kaoela teh nja dibere oge tĕtĕdaeun saparapatna tina tĕda biasa. Geus kitoe eta raheut teh ngamimitian tjageur, datang ka kaoela geus bisa tjĕngkat sorangan, tatapi eta lapar teh beuki njongsrong bae, nĕpi ka kaoela teh kapaksa koedoe kakarandangan moeloengan sesa kadaharan anoe oeprat-apret, dikoempoelkeun, toeloej ditĕda. Eta kalakoean kitoe teh djadi matak hĕnteu hade pisan kana kanjĕri kaoela nja eta raheut teh djadi katjida deui koe tina sok kakarandangan sarta beuki tambah nja djĕdjĕlĕtetanana. Atoeh kaoela teh dimistikeun deui koedoe ngadjolor bae teu meunang oesik-malik djeung saban poë teh ngan dibere limonade bae nĕpi ka 7 poë lilana.

Geus kitoe kaoela meunang bedja, aja batoer kaoela ngadjaga di lawang roemah-sakit. Atoeh katjida pisan kaoela teh nja atoh, kawoewoeh-woewoeh raheut teh geus lipoet deui.

Dina hidji peuting toeloej kaoela teh sasalimpoetan, leumpang ka loear, njampeurkeun ka batoer kaoela tea, anoe keur ngadjaga di lawang roemah-sakit. Barang prok teh papanggih djeung

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

manehna, kaoela teh boengah pisan, kitoe deui manehanana sonoëun pisan ka kaoela teh. Harita kaoela toeloej njarita lalampahan di roemah-sakit djeung nërangkeun maneh ka manehna, jen kaoela beak karëp nja kalaparan. Eta batoer wëlaseun pisan ka kaoela teh koe tina sakitoe nja kasangsarana, toeloej manehna mere roti toehoer opat atawa lima keureut ka kaoela. Ah, harita kaoela teh asa boga doeit malioenan bae, toeloej kaoela tjeurik koe bawaning tina atohna, boga roti toehoer sakitoe.

Geus kitoe toeloej kaoela teh balik deui ka djëro roemah-sakit. Eta roti sawareh koe kaoela disoempoetkeun dina handapeun kasoer djarami, ari sawareh deui toeloej ditëda bari soekaboengah, rasana asa ëntas naloekkeun sadoenja bae.

Moenggoeh djalma anoe estoe kalaparan, eta geus tangtoe bae sok tara talangke deui, gantjang bae saakal-akal neangan tëtëdaeun. Geuning sapërti kaoela bae peuting-peuting djeung awak gëring maksakeun maneh kakarandangan ka loear neangan tëtëdaeun.

Kaoela nja aja di eta roemah-sakit teh 3 boelan lilana; sanggeus tjageur, toeloej diiangkeun deui përang, baris nëmpoeh benteng Constantina. Di dinja oge kaoela ngarasa pisan pirangpirang pangasihna Goesti Anoe Maha Agoeng, ngaraksana ka diri kaoela.

Tiloe poë lilana eta nagara teh hantëm dibëdilan koe mariëm, nëpi ka boeboek-adjoer bentengna teh. Sanggeus aja pidjalaneun pikeun asoep ka eta nagara, toeloej Djendral mariksa, soegan aja 10 soldadoe anoe warani asoep kana benteng anoe roeksak tea, nja eta pikeun mariksa, naha dina djëro eta benteng teh aja pidjalaneun baris asoep ka eta nagara. Harita hënteu aja hidji-hidji atjan soldadoe anoe wanieun asoep ti heula kana eta benteng anoe roeksak teh. Waktoe eta balad Parasman hënteu boga timboeroe, jen eta moesoeh teh di dinja geus njieun lombang gëde pisan, dieusian obat-bëdil, anoe dipalar, oepama balad Parasman pinoedjoe ngaliwat ka dinja, soepaja soldadoesoldadoena sina halibëran ka awang-awang.

Tidinja toeloej bae Djendral teh marentah doea batalion soldadoe Afrika djeung doea batalion soldadoe Soeapen, soepaja arasoep kana benteng ngaliwat kana pagër benteng anoe roeksak tea; ari batalion anoe aja kaoela harita madjoena teh pangpandeurina pisan. Geus kitoe toeloej madjoe, tapi ati mah këkëtëgan bae, koe tina beak karëp nja aringgisna. Barang eta doea batalion soldadoe Afrika djeung satëngahna batalion soldadoe Soeapen tea keur ngaraliwat di dinja, ana djëlëgoer teh eta anoe didjalanan teh bitoe, atoeh mani kabeh rapëng halibëran ka awang-awang. Taja hidji soldadoe anoe katinggaleun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

hiroep tina eta tiloe batalion teh, malah awahanana oge ka batalion anoe aja kaoela, katjida pisan tarikna teh, datang ka batoer-batoer kabeh rarĕbah patoempang-tindih, nja kitoe deui kaoela mani ngalondjor katindihan koe batoer-batoer. Harita eta moesoeh kagantjangan teuing saměnit nja njoendoetna teh, tjoba lamoen manehna ngadagoan saměnit deui mah, geus tangtoe pisan meureun kabasmi kabeh.

Di batalion kaoela aja 100 batoer soldadoe anoe tjarilaka, ari kaoela mah aja oentoeng, hĕnteu sakara-kara.

Waktoe harita mĕnĕran tanggal 20 September 1839. Tidinja gantjang soldadoe-soldadoe sasesana arasoep kana eta benteng, pelor geus tjara hoedjan bae, kentja-katoehoeeun kaoela batoer-batoer tingdjaroengkĕl kareuna koe pelor. Sanadjan waktoena harita isoek-isoek keneh oge, kira wantji djam 8, tatapi hawa mani poĕk koe haseup bĕdil, tjara wantji soeboeh bae.

Barang eta balad Parasman geus asoep kana eta djĕro nagara, gĕr bae pĕrang katjida pisan tjampoehna teh, lawan moesoeh adoe hareupan saroea wanina. Oenggal-oenggal imah sapĕrti djadi benteng bae, tina panto djeung djandela teh tingdjalĕgoer sora bĕdil djeung mariĕm. Awewe-awewena naraek kana soehoenan imah marawa tjai djeung mĭnjak ngagolak, dibalandjoerkeun ka moesoeh djeung maraledogan koe roepa barang anoe baris njilakakeun. Djalan meh hĕnteu beunang ditintjak, sabab di mana-mana teh pinoeh koe goendoekan-goendoekan batoe-batoe, kahar, gorobag, kareta, tatangkalan beunang naloearan dipalang-palangkeun djeung barang-barang djaba ti eta; djeung dina eta sĕla-sĕlana goendoekan[2] teh loba pisan moesoeh anoe njaroempoet ngabarĕdilan ka oerang Parasman. Oenggal lengkah teh geus koedoe dibeuli koe gĕtih bae. Kira-kira wantji tĕngah-poĕ kakara kaoela sabatoer-batoer bisa nĕpi sarta bisa nantjĕbkeun bandera Parasman dina tĕgal aloen-aloen Patima. Tidinja kakara oerang Parasman beunang disĕboetkeun oenggoel pĕrang. Ari moesoeh harita toeloej kalaboer bae, kalaloear ti eta nagara. Tah nja ti harita eta nagara Constantina teh mimitina djadi bawahan tanah Parasman.

Sanggeusna kaoela koe Goesti Anoe Maha Soetji didjait tina pirang-pirang bahaja maot, toeloej kaoela diiangkeun deui ka Boegi.

Barang dina sedjen tahoen, mĕnĕran tanggal 5 Mei 1840, kaoela meunang deui raheut koe pelor, waktoe pĕrang di Plaina, di tanah Mesaha. Di dinja kaoela teh miloe deui pĕrang rame. Ari harita moesoeh teh oerang Kabilen, papakeanana koelit sato, meh ditararandjang bae, pagaweanana taja deui ngan babadog

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

rarampog, djeung maranehna teh taja pisan kasieunna. Harita kaoela meunang oentoeng oge, koe tina barang gĕr teh pĕrang, djoldjol kĕplak bae keuna koe pelor, atoeh tĕroes bae kaoela teh digotong disingkirkeun tina eta tĕmpat pĕpĕrangan tea. Ari batoer-batoer kaoela mah meh kabeh bae paraeh dina eta pĕpĕrangan teh.

Eta raheut kadoea kalina teh, nja dina pingping kentja deui bae, handapeun raheut bareto, kira aja satampah anggangna teh. Atoeh kaoela teh mani 7 boelan lilana nja ngaringkoek di roemah-sakit sarta reudjeung nandang sangsara kalaparan, sapĕrti bareto tea bae.

Barang kaoela geus tjageur deui, kontrak djadi soldadoe teh meh beak, atoeh beak karĕp kaoela nja boengahna teh, tina bakal djadi djalma pareman deui. Dina tanggal 29 Mei 1841 toeloej kaoela indit ka nagara Algier, nja eta baris tĕroes kaloear tina soldadoe djeung niat teh arek toeloej balik ka tanah Eropa.

Tina kas doeit tjengtjelengan kaoela nampa *f* 29.— djeung meunang pĕre ongkos djalan nĕpi ka nagara Toelon djeung Lile.

Sanggeusna sadia soerat-soerat kabeh, toeloej kaoela teh indit, nja ngadjoegdjoeg ka tanah Belgie.

Hĕnteu katjatoer lalampahan di djalan, katjaritakeun kaoela teh geus datang bae ka tanah Belgie sarta salamĕtna, hĕnteu koerang kitoe-kieu.

Di tanah Belgie kaoela gawe teh ngan njanjabaan bae, sarta katjida pisan nja hajang balik ka tanah Duitschland teh, tatapi orokaja sok sieun aja anoe nangenan. Kaoela harita boga pikiran baris tĕtĕp tjitjing di tanah Belgie bae, moal balik-balik deui ka tanah Duitschland.

Lila-lila di kampoeng Dalhim, deukeut Perpis, kaoela teh oentoeng pisan, nja eta meunang pagawean di hidji patani; atoeh nja teu woedoe oge beunang kaoela boeboeroeh teh toeloej dibeulikeun kana papakean sapantĕsna, sabab harita papakean anoe heubeul teh geus roebat-rabet pisan.

Gĕnĕp boelan lilana kaoela nja digawe di eta patani ĕeh. Di dinja kaoela toeloej bobogohan djeung hidji landjang, malah aja oge pikiran arek dikawin, tatapi bĕt aja halanganana, sabab eta awewe teh baretona geus papatjangan djeung poetrana Burgemeester, malah harita oge eta poetrana teh pikirna masih njantel keneh bae ka eta landjang teh.

Mĕnĕran dina peutingna tahoen baroe toeloej kaoela ngandjang ka imahna eta landjang, bari mawa pamahoegi roepa barang anoe aloes toer model. Barang kaoela keur aja di dinja, torodjol poetra Burgemeester teh datang ka dinja, maksoedna arek nĕpoengan oeroet bebenena tea. Atoeh gĕr bae kaoela teh pasea djeung manehna marĕboetkeun eta landjang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI

Eta moesoeh kaoela ngomong kieu ka eta awewe teh: „Maneh masing boga kaera, datang ka bobogohan djeung djalma sakitoe goreng kalakoeanana, toeroeg-toeroeg eta djalma teh pamingpatan ti boei benteng Duitschland, naha geus taja deui lalaki di dieu teh?"

Barang manehna keur ngomong kitoe teh, geus hĕnteu tata deui, djĕdod bae koe kaoela teh ditondjok djeung toeloej ditampilingan, nĕpi ka manehna teh roeboeh, ngaringkoek gigireun korsi.

Koe tina ambĕkna djeung njĕrieunana manehna teh harita hĕnteu malĕs, ngan toeloej bae ngadjakan silibĕdil koe pestol; atoeh da poegoeh oge kaoela teh eukeur napsoe, nja disanggoepan bae pangadjakna teh.

Isoekna, wantji djam 8 toeloej kaoela ka Burgemeester, bapana moesoeh tea. Eta andjeunna geus tĕrangeun sababna, anoe matak kaoela datang teh.

„Mangga tjalik heula sakĕdap," saoerna eta Burgemeester teh, barina njodorkeun korsi ka kaoela, „anak kaoela sekĕdap deui oge dongkap, naha sampean parantos sajagi baris saksi?"

„Parantos sajagi," djawab kaoela teh.

Harita kaoela teh kaget pisan, koe tina manggihan hidji bapa sakitoe nja ngagoegocloekeunana kana karĕp anakna anoe sakitoe koerang pantĕsna.

Hĕnteu lila torodjol datang eta moesoeh teh bari mawa doea pestol, anoe hidji disodorkeun ka kaoela, toeloej arindit ka tĕmpat pikeun silipestol tea.

Eukeur waktoe leumpang, ati kaoela teh leutik pisan, hĕmarhĕmir inggis-risi kaliwat-saking. Kaoela hĕnteu pisan biasa kana gĕloet make pĕstol teh, pikiran teh ajeuna geus tangtoe paeh bae. Kaoela boga ingĕtan kieu: „Doeh, Goesti Allah! Naha djisim abdi teh dikĕrsakeun moedoe paeh, bĕt koe lantaran pĕrkara anoe sakitoe koerang pantĕsna, marĕboetkeun awewe." Tidinja kaoela toeloej ngomong ka moesoeh teh, ngadjakan rapih bae, montong toeloes silipestol, oerang baralik deui bae, da sanadjan silipestol oge ngaroeksakkeun anggahota, taja pisan goenana.

Ari wangsoelanana eta moesoeh teh: „Ah! Kami hĕnteu arek rapih djeung maneh teh. Maneh geus ngera-ngera ka kami, eta kaeraan teh diseuseuhna taja deui ngan koe gĕtih bae."

Sadjalan-djalan kaoela mindĕng pisan nja ngadjakan rapih teh, tatapi wĕleh bae koe manehna hĕnteu digoegoe.

Barang geus nĕpi kana eta tĕmpat baris silipestol tea, toeloej kaoela djeung moesoeh teh ngaralaan badjoe loear, geus kitoe toeloej pahareup-hareup djaoehna watara 12 lengkah bari njarĕkĕl pestol anoe beunang nĕtĕg.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

Tidinja kaoela teh neangan akal sakali deui sangkan hĕnteu toeloes silipestol.

„Ingĕt!" tjarek kaoela teh bari ngatjoengkeun pestol ka loehoer, „tjoba ajeuna mah oerang rapih bae, lamoen maneh daek rapih, ieu pestol teh rek dibeukasan ka awang-awang."

„Ah, di dieu mah geus euweuh pikiran kana baris rapih deui, ieu ajeuna neangan kahormatan, eta kahormatan teh hargana leuwih-leuwih tina njawa."

„Heug atoeh!" tjarek kaoela teh, „ari hĕnteu beunang dibawa rapih mah, pek bae maneh ngabĕdil tiheula ka kami; kami hĕnteu wani maehan maneh hĕnteu poegoeh-poegoeh."

Tidinja manehna gantjang ngetjeng pestolna, dibĕnĕrkeun ka kaoela, dor! dibeukasan, keuna kana bahoe leungeun kentja.

Ajeuna kaoela djadi ambĕk pisan, geus hĕnteu sabar deui tjara tadi. Gantjang bae kaoela ngetjeng pestol, dibĕnĕrkeun kana dadana moesoeh, dor! dibeukasan, keuna palĕbah hoeloe angĕnna, pelorna tĕroes ka toekang, parat naradjang djadjantoeng sarta eta moesoeh teh toeloej maot; lajonna toeloej digotong, dibarawa ka imah bapana. Ari kaoela harita toeloej ka losmen ngareureuhkeun tjape.

Hĕnteu koengsi lila torodjol poelisi datang ka losmen nangkĕp ka kaoela sarta toeloej bae diasoepkeun ka boei, isoekna baris dipariksa koe pangadilan.

Lima minggoe kaoela nja ditahan diboei, sarta taja deui pikiran ngan geus tangtoe meunang hoekoeman pati bae. Tatapi eta salila pisan reudjeung panjana teh, ari djol poetoesan, bĕt kaoela teh hĕnteu meunang hoekoeman naon-naon, sabab koe timbanganaana pangadilan, kaoela anoe dipaksa, soepaja silipestol, djeung kaoela anoe sabisa-bisa njingkahan, soepaja oelah mitjeun gĕtih teu poegoeh-poegoeh; koe tina kitoena kaoela teh ditimbang taja dosana. (1)

Tidinja kaoela teh dikaloearkeun ti boei, teu kira-kira nja boengah. Tatapi eta bĕnĕr kaoela teh di doenja hĕnteu meunang hoekoeman, ari moenggoeh di aherat mah dĕngdĕng bae doraka ka Goesti Allah. Harita mah kaoela tatjan kapikir, tapi ĕngke karasana teh, oepama kaoela geus dipaparinan babalik pikir, ingĕt ka Anoe Maha Agoeng.

Waktoe kaoela eukeur soeka-soeka, pedah geus kaloear tina balahi, bĕt djorodjoj bae nja pikiran hajang njaba ka nagara Aken, sabab tidinja hĕnteu djaoeh pĕrnahna teh, tĕmpat kaoela bareto 6 tahoen katoekang, djadi soldadoe di eta nagara.

Di dinja kaoela loba pisan sobat-sobat djeung kawawoehan-

(1) Atoeran kitoe alam ajeuna geus teu aja. Saha-saha noe maehan djĕlĕma, tangtoe koedoe meunang hoekoem pati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

kawawoehan. Kaoela harita boga lalanoenan kieu: „Pisakoemahaeun pikarageteunana eta sobat-sobat djeung kawawoehan-kawawoehan, lamcen papanggih djeung kaoela teh, tina sakitoe kalawasanana."

Tatapi eta kahajang kitoe teh lain gampang-gampang, sabab oepama katangen, jen kaoela djalma paminggatan, geus tangtoe tjilaka. Harita kaoela boga pikiran deui kieu:

„Tapi saha anoe 'arek njilakakeun? Djeung moenggoeh Pamarentah Duitschland keur nanahaon make nangkĕp ka aing? Meureun diantĕp bae, moal diparosea. Koe tina kitoena maneh teh tangtoe bisa soeka-soeka djeung sobat-sobat sadjĕro doea atawa tiloe poë lilana."

Gantjangna toeloej bae kaoela teh nekad njaba ka nagara Aken di tahoen 1842.

Barang datang ka nagara Aken, toeloej kaoela teh manggihan sobat-sobat bareto tea, atoeh katjida pisan nja soeka-boengahna teh.

Kaoela hĕnteu ngaharti pisan kana djalanna, moenggoeh Goesti Allah ngĕrsakeunana ka anoe doraka ka Andjeunna, sapĕrti ka diri kaoela pribadi. Di tanah Sĕpanjĕ djeung di Afrika hantĕm bae ati kaoela anoe tjara batoe teuasna teh, dipĕpĕgan koe paloe, soepaja peupeus, tatapi ajeuna bĕt dĕngdĕng keneh bae, hĕnteu aja robahna. Lamoen eta kanjaah Goesti Allah saroea djeung kanjaah manoesa mah, meureun bareto oge kasabaranana teh geus leungit bae; tatapi orokaja da moenggoeh kanjaahan Goesti Allah mah ka anoe doraka, anoe baris diraksa koe Andjeunna, taja pĕgatna. Ajeuna kaoela baris ngarasa kamoerahanana Goesti Anoe Maha Soetji, da djol deui bae kaoela teh meunang siksaan.

Barang kakara bae sapoë lilana di nagara Aken, sanggeusna sobat-sobat tarĕrangeun, jen kaoela djalma paminggatan ti boei benteng Joelig tea, bĕt hĕnteu lila kĕrĕwĕk bae kaoela teh ditangkĕp koe poelisi, tĕroes diiangkeun deui ka boei benteng Joelig-mĕnĕran tanggal 26 Maart 1842. Pangadilan maparinan hoekoeman ka kaoela 21 tahoen, djadi tambah satahoen tina hoekoeman heubeul; eta anoe satahoen nja eta hoekoemanana pedah minggat tea. Atoeh ringkoek deui bae kaoela di boei benteng Joelig teh baris 21 tahoen lilana.

Kaoela hĕnteu kira-kira nja nalangsa, handjakal naha mana loenta-lanto deui ka dinja. Koe tina bawaning kadoehoeng djeung ambĕk ka diri pribadi, toeloej kaoela ngadjĕnggoetan boeoek gogoleran djeung bari tjeurik di djĕro boei teh, malah harita geus gilig pisan nja pikir, arek maehan maneh; tatapi nja tjara bareto deui bae, bĕt hĕnteu wani dek maehan maneh teh, sabab harita kaoela boga pikiran deui kieu: „Maneh masih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

ngora kęneh sarta masih koeat badan sarta geus meunang loeang di Sępanjĕ djeung di Afrika, loba-loba pamanggih di panjabaan pĕrkara tipoean, baris nipoe soldadoe anoe ngadjaga ka maneh, soepaja maneh bisa minggat deui; geus kitoe maneh toeloej kaboer ka tanah Amerika."

Sanggeus mikir-mikir kitoe kaoela teh aja oge pangharĕpan, soesoegąnan bisa minggat deui, toeloej bae oenggal-oenggal poĕ digawe deui tjara bareto, bari loeak-lieuk neangan djalan baris minggat, tapi lila katjida nĕpi kana aja pĕtana baris minggat deui teh.

Dina hidji poĕ kaoela djeung batoer-batoer digarawe di loear benteng, ngabarabadan djoekoet bangsa eurih baris dipake njieun tali, tĕmpatna rada soeni oge. Barang kaoela keur pinoedjoe di anoe bala, toeloej loeak-lieuk neangan djalan pikeun minggat; harita mĕnĕran panonpoĕ wantji lingsir. Geus kitoe kaoela teh bĕrĕbĕt bae loempat, tatapi bĕt handjakal pisan kaboeroe katangen koe anoe ngadjaga, atoeh gantjang bae riboet maroeroe ka kaoela teh. Aja sapoeloeh soldadoe anoe ngaroedag djeung hantĕm ngabarĕdilan, pelor-pelorna tinghariĕng, tapi taja anoe keuna ka kaoela. Ajeuna kaoela nja loempat teh geus nĕpi kana tĕgalan, meh bae kaoela teh bisa tĕroes minggat deui, oepama Anoe Kawasa hĕnteu ngahalangan kana lalampahan kaoela harita mah.

Mĕnĕran di dinja aja saoeraang toekang ngangon domba, keur ngiringkeun angonanana, balik ka kandangna. Manehna nendjo ka kaoela djeung ka anoe ngaroedag tea, ngartieun, jen kaoela anoe minggat. Gantjang bae manehna teh ngahoetjoehkeun andjingna; atoeh eta andjingna teh bĕrĕbĕt bae ngoedag ka kaoela, hental-hentalan arek ngegel bitis. Kaoela ambĕk katjida ka eta andjing teh, hantĕm diakalan, ditewak arek ditjĕkek, tatapi wĕleh hĕnteu beunang, anggoer kaoela teh laboeh nĕpi ka doea kali. Harita eukeur kaoela laboeh kadoea-kalina kaboeroe daratang anoe njaroesoel. Kaoela ngawahan arek loempat deui. Tjarekna anoe njaroesoel teh: „Tjitjing! bisi koe oerang hoeloe maneh dibĕdil!" Barina ngaromong kitoe teh, toeloej ngaroeboeng ka kaoela. Tatapi kaoela geus nekad bae paeh-paeh hiroep-hiroep, totorodjolan adoeg-adoegan maksa norodjol tina roeboengan, ti dinja gĕrĕdĕg deui bae loempat. Maranehna karageteun pisan narendjo kana wawanen kaoela, sakitoe teh, harookeun bae, dareudeupeun hĕnteu gantjang ngabarĕdil ka kaoela. Harita aja tiloe soldadoe anoe tĕroes ngaroedag, saoerang ngoedagna ti katoehoe, saoerang deui ti kentja djeung anoe saoerang deui ti toekangeun kaoela. Anoe ngoedag ti kentja anoe pangheulana njoesoelna ka kaoela djeung toeloej neunggeul kana tarang kaoela koe bĕdil, datang ka kaoela

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

teh katoeralĕngan. Kaoela ambĕk katjida, kĕrĕwĕk bae manehna teh ditjĕkĕl palĕbah dadana sarta toeloej didjĕngkangkeun. Geus kitoe torodjol batoerna, toeloej ngabĕdil ka kaoela teh. Pelorna keuna kana pipi kentja tĕroes parat ka loear deui tina poendoek. Atoeh broek bae kaoela teh roeboch kapaehan. Tidinja toeloej kaoela digotong ka roemah-sakit di Joelig; kabeh euweuh anoe nganjaranaan baris pihiroepeun deui ka kaoela teh.

Di roemah-sakit kaoela teh bĕt ras ingĕt deui, tatapi baris njandangan kanjĕrian anoe leuwih-leuwih bangĕtna. Toeloej kaoela teh dipariksa koe doktor; aja 17 rĕrĕmĕkan toelang gĕdeleutik dilaanan tina poendoek djeung tina tjatjapek kaoela, teu kira-kira bae njĕrina teh, geus taja babandinganana.

Tiloe boelan lilana kaoela teh hĕnteu meunang ngomong sakĕtjap-kĕtjap atjan, dadaharan oenggal poë ngan dibere tjai angeun sop bae saeutik; geus kitoe tambah deui 11 boelan lilana teh nja aja di eta roemah-sakit, kawas anoe diroeang kerepes bae.

Sanagara eta djalma-djalmana pada njarahoëun kana lalampahan kaoela teh, djeung loba oge anoe karoenjaeun sok barangbere roepa-roepa kadaharan ka kaoela teh. Malahan kaoela dilalajad koe tiloe njonja bangsa menak, tatapi sanadjan eta njonja-njonja teh sakitoe saraena ngaroepahan koe boedi manis, kaoela mah djongdjon bae bĕdĕgong, mawa karĕp sorangan, boektina waktoe eta njonja-njonja teh marariksa, naha aja keneh karĕp kana minggat deui, gantjang bae kaoela teh ngawangsoelan kieu: „Atoeh kantĕnan bae! Oepami koering geus tjageur deui mah, tangtos minggat deui!"

Tatapi sanadjan kaoela sakitoe nja basangkalna oge, ari dina djĕro ati mah aja oge leuleusna teh, mindĕng ngahoelĕng mikiran lalampahan katoekang djeeung lalampahan baris kahareupeun, estoe nalangsa pisan, tjoeroetjoed tjimata teh bidjil. Kaoela ngarasa pisan, jen pananganana Goesti Allah teh katjida pisan moentanganana ka diri kaoela teh. Kaoela mindĕng ngomong sorangan, kieu: „Ah! Lamoen aing mĕtakeun kakoeatan „pribadi mah, moal aja kadjadjadianana. Geus sakitoe lilana „aing ngalawan kana kĕrsana Goesti Allah, ari toengtoengna „mah geuning ngaringkoek bae di roemah-sakit njandangan „kanjĕri. Baris sakoemaha deui lilana aing nja ngalawan. ka „Anoe Kawasa teh? Ari bĕnĕrna mah aing teh leuwih hade „masing sabar bae, ingĕt kana sakoemaha kĕrsana Anoe Maha „Agoeng djeung sabisa-bisa koedoe njoehoenkeun pitoeloeng „Andjeunna, montong papaksa, noeroetkeun karĕp napsoe so„rangan."

Tah kitoe pikiran kaoela dina djĕro eta kasoesahan teh. Malah mindĕng ngadoa nĕnĕda ka Goesti Allah, njoehoenkeun rahmat

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

salamĕt djeung moedji kana dadamĕlanana sakitoe kasantósaanana sakoer anoe koemĕlip di alam-doenja.

Kaoela ngarasa djeung manggihan pribadi, moenggoeh anoe gĕring, sapĕrti kaoela waktoe harita, lain koe pitoeloengna doktor djeung oebar-oebaran bae, tatapi reudjeung kalawan kakawasaanana Goesti Allah. Moenggoeh djalma anoe mantĕng ka Anoe Agoeng salilana, soemawonna dina djĕro gĕring, eta ĕnggeus djadi oebar gĕde pisan pitoeloengna teh, asal manehna tjĕpĕt bae nja moemoentangna, njoehoenkeun pitoeloengna. Tatapi sanadjan kitoe oge, moenggoeh Goesti Allah mah tara tjara sambĕl djahe maparinna tjageur kana panjakitna teh, djadi koedoe sabar-tawĕkal bae ngadagoanana teh.

Waktoe kaoela ka loear ti roemah-sakit eta pikiran anoe hade teh, lĕs deui bae poho, timboel pikiran tjara bareto deui bae. Ajeuna gawe teh di boei benteng nja tjara sasari deui tea bae.

Sanadjan kaoela hĕnteu kasĕboet ngabadjoe oge kana inoeman, ari aja mah nja sok nginoem bae. Di djĕro boei dilarang pisan eta inoem-inoeman teh, tatapi teu boeroeng sok aja bae anoe maling-maling mawa sopi atawa brendi, asal aja kerentjengna bae pikeun pangwĕwĕlan. Kaoela oge nja sok radjeun nginoem eta sopi atawa brendi teh saeutik-eutikeun, pamere soldadoe-soldadoe anoe ngadjaraga atawa pamerena ondĕr-ondĕropsir.

Mĕnĕran dina wĕwĕdalan-tahoen, kaoela toeloej talatah ka anoe ngadjaga, menta dipangmeulikeun inoeman: sopi djeung brendi. Ari sorena pek bae kaoela djeung batoer-batoer teh saroeka-soeka ngarinoem nĕpi ka beak pisan eta inoeman teh. Koe tina kitoena kaoela teh djadi mabok.

Ari ĕnggon pangheesan di eta boei sok dioempak-oempak nĕpi ka tiloe oempak. Tĕmpat hees kaoela oempakan pangloehoerna, djeung ari arek ka pangheesan teh sok make tetetjean koe korsi.

Waktoe kaoela mabok teh mĕnĕran tĕngah peuting tina koe bawaning lieur djeung beak karĕp nja toendoeh, toeloej kaoela teh gagantjangan naek kana korsi, arek hees dina pangheesan kaoela, oempakan katiloe tea. Barang kaoela netje kana eta korsi, arek ka loehoer, kaoela teh tidjĕngkang, gĕbloeg bae laboeh. Hoeloe kaoela ninggang kana tahang beusi wadah arĕng batoe, datang ka boeoek djeung gĕtih kaoela teh mani narapĕl dina biwir eta tahang. Tidinja toeloej kaoela maksakeun maneh naek deui ka loehoer, arek hees, tapi wĕleh bae hĕnteu bisa reup, sabab kaoela ngadenge sora, kieu pokna teh: „Ajeuna maneh panoengtoengan nginoem sopi teh, kahareup hamo nginoem² deui!"

Eta sora asoepna kana ati kaoela teh kawas gĕlap bae. Harita kaoela teh boga pangira, jen eta sora dedengean hĕnteu poegoeh bae; tatapi kaget katjida ari isoekna, isoek-isoek, kaoela teh

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

meunang bedja, bĕt lain kaoela bae anoe ngadenge eta sora teh, tatapi batoer-batoer oge bĕt pada ngadarenge. Eta matak heran katjida, tapi aja oge kaoela boga pangira, soegan-soegan eta sora teh ka loear tina soengoetna soldadoe bae, anoe ngadjaga peuting harĭta di dinja, sabab harita aja soldadoe anoe katjida alimna, anoe ĕngkena djadi sobat dalit pisan djeung kaoela. Tatapi nja kadjeun teuing ti mana-mana oge datangna eta sora teh, koe kaoela mah dianggap sora pangandjkana Goesti Allah bae, da boektina ti waktoe harita kaoela sok tara nginoem-nginoem deui inoeman anoe matak mabok. Eta sora ari ka batoer-batoer mah taja pisan tapakna, tapi ka kaoela gĕde pisan matakna teh, malah sapeuting eta djĕpoet hĕnteu bisa hees, ingĕt bae, tapi ari batoer-batoer mah hareesna teh talibra pisan.

Isoekna, mĕnĕran poë Ahad, batoer-batoer teh bĕt mareunang deui sopi djeung brendi, atoeh prak deui bae ngarinoem, malah ka kaoela oge ngaradjakan, tatapi kaoela hĕnteu daek, da ĕnggeus djangdji moal nginoem-nginoem deui inoeman anoe matak mabok. Toeloej bae kaoela njoempoet, njingkahan panggodana batoer-batoer tea.

Koe tina laboeh peuting kamari tea, raheut kaoela anoe dina sirah koe pelor teh, tina tatjan tjageur pisan, ajeuna djadi djaheut deui. Koe doktor kaoela diparentah balik deui ka roemah-sakit, toeloej kaoela indit.

Di roemah-sakit kaoela teh toemaninah pisan hĕnteu ngadenge omongan-omongan anoe garoreng, djeung djongdjon nja moemoedji ka Goesti Allah. Tatapi sanadjan kaoela ajeuna teh ngamimitian saleh ati oge, ari kana minggat deui mah aja keneh bae angkoh teh, oepama aja pĕtana mah.

Aja hidji soldadoe oerang tanah Pool anoe ngadjaga di eta roemah-sakit, ngaranna Gotlib Woki. Ari mimitina kaoela wawoeh djeung eta djalma, kieu asal-asalna:

Manehna nangenan, jen kaoela sok mindĕng matja boekoe Indjil; manehna hajangeun pisan papanggih sarta omong-omongan djeung kaoela teh. Dina hidji waktoe manehna teh njampeurkeun ka kaoela bari ngomong, kieu pokna:

„Baumfeller! Naha. maneh teh masih hajang keneh bae minggat?"

Ari djawab kaoela: „Atoeh poegoeh bae! Ĕngke dimana aja pĕtana deui."

Omong manehna teh: „Montong minggat deui sobat! Goesti Allah ĕnggeus ngĕrsakeun kitoe ka diri maneh, keur nanahaon make hajang minggat deui?"

Djawab kaoela bari sĕmoe ambĕk: „Ah, maneh bĕt ngomong ngĕrĕwih bae, tjitjing bae, montong pipiloeeun kana maksoed kami."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Manehna maksa bae ngomong kieu: „Maneh koedoe aja pikiran, bisi ĕngke tambah-tambah meunang tjilaka."

Ari djawab kaoela: „Eta pĕrkara koemaha kami, maneh montong tjampoer-tjampoer. Gampang bae ngomong kitoe, sabab maneh lain djalma boeian, tatapi lamoen maneh tjara kami mah, tangtoe ingĕtan teh nja tjara kami bae."

Omong manehna: „Tapi ....."

Gantjang kaoela mĕgat bari ngomong kieu: „Montong ngomong deui, kami hĕnteu pĕrloe ngadenge kana omongan maneh teh."

Ari tjarek manehna teh: „Eh, naha maneh teh bĕt ngambĕk! Isoekan kami arek datang deui nĕpoengan ka maneh."

Omong kaoela: „Maneh hĕnteu pĕrloe datang deui ka dieu, nĕpoengan ka kami."

Tidinja manehna teh leos bae indit. Waktoe kaoela ngomong djeung manehna teh, ati teh doegdĕg bae, sabab kaoela teh saestoena mah harita teh boga pikiran kieu: „Eta aing teh salah, naha bĕt hĕnteu daek ngadengekeun kana omongan eta djalma."

Isoekna waktoe kaoela keur leuleumpangan dina patamanan pakarangan roemah-sakit, djol deui bae Woki teh njampeurkeun ka kaoela bari ngomong kieu:

„Ti kamar kami awas pisan nendjo ka kamar maneh teh katendjona maneh teh bĕt gĕtol pisan matja boekoe Indjil."

Tjarek kaoela: „Ah ĕnja, tamba kĕsĕl bae matja boekoe Indjil soteh."

Ari wangsoelanana: „Atoeh lain tamba kĕsĕl, ari matja boekoe eta mah, geus tangtoe bae aja goenana djeung meureun aja oge sababna, anoe matak maneh sok matja eta boekoe teh; lain kitoe?"

Eta pĕrtanjaan nantjĕb pisan kana ati kaoela, tatapi harita kaoela rada era arek waktja-balaka ka manehna teh, jen eta omonganana bĕnĕr kitoe; kaoela teh ngahoelĕng bae di hareupeunana teh.

Geus kitoe manehna ngomong deui: „Tjing tjoba bedjakeun ka kami, naon sababna anoe matak maneh sok rĕmĕn matja boekoe Indjil teh?"

Eta pĕrtanjaan-pĕrtanjaan beuki baliwĕt bae kadengena koe kaoela, djeung kaoela teh ngarasa era pisan nangtoeng di hareupeunana, koe tina rasiah kaoela meh kaboeka kabeh.

Ari tjarek kaoela: „Ah, ajeuna euweuh tempo pikeun tjatjarita, kami hajang nginoem, arek ngala tjai."

Bari ngomong kitoe teh, gantjang bae kaoela njingkah, tatapi manehna bĕt tjitjing bae ngadagoan nĕpi ka kaoela balik deui.

Tidinja manehna teh ngomong deui bari njĕkĕl leungeun kaoela: „Naha maneh teh katjida nja ambĕk ka kami, naon dosa

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

kami anoe matak maneh tadi ngĕdjat teh? Saĕnja-ĕnjana kami teh rĕsĕp sarta njaah pisan ka maneh teh djeung Goesti Allah ngĕrsakeun ka kami, soepaja kami teh tjatjarita reudjeung maneh."

Kaoela katjida pisan nalangsana djeung ngahĕlasna, ngadenge omongan eta djalma teh, sakitoe hadena djeung sabarna, tatapi harita kaoela teh api-api bĕdĕgong bae sarta nanja ka manehna: „Tadi maneh nanja ka kami, naon sababna anoe matak kami matja boekoe Indjil. Tatapi ajeuna kami malik nanja ka maneh teh, ari maneh naon sababna anoe matak sok matja eta boekoe Indjil teh?"

Tidinja manehna ngadjawab: „Ari kami mah anoe matak rĕsĕp matja boekoe Indjil teh, nja eta: matak sĕgĕr kana badan sapĕrti njatoe roti bae, djeung matak djadi oebar kana ati kami; naon anoe kasĕboet dina djĕro eta boekoe, matak nĕngtrĕmkeun kana ati, ngoepahan kana sagala kanalangsaan diri. Di dinja kami manggih djalan ka loear tina pangboeian atawa nimoe djalan ngalesotkeun rante beusi tina awak."

Waktoe manehna ngomong kitoe teh, panonna mani montjorong, kawas anoe katoeroenan wahjoe bae, datang ka kaoela hĕnteu koeat nendjo kana panonna teh. Ari wangsoelan kaoela: „Eta ari kahartina koe kami mah boekoe Indjil teh lain kitoe. Kami hĕnteu ngaharti naon sababna, ari kami bĕt pinoeh koe njandangan kasangsaraan bae; tapi ajeuna kami hĕnteu arek pandjang tjarita, boga pĕrloe anoe sedjen."

Manehna ngomong kieu: „Kira-kirana koemaha oerang teh bisa patĕpoeng deui?"

Ari djawab kaoela: „Nja soegan bae parĕng."

Kaoela heran pisan naha bĕt omongan eta djalma teh mana asoep-asoep teuing kana ati kaoela, anoe sakitoe poëkna teh. Sanadjan kaoela ngomong djeung eta Woki, sakitoe nja sambĕwarana oge, ari dina djĕro ati mah beurang-peuting bĕt njantel bae ka manehna teh, sabab kaoela ngaharti, jen manehna teh ngalampahkeun djalan bĕnĕr, sarta pĕrloe pisan lamoen koe kaoela ditoeroetan teh. Tatapi harita kaoela aja oge pikiran goreng, palangsiang eta djalma teh arek nipoe bae ka kaoela, soepaja kaoela djadi tjilaka. Eta pikiran ngira goreng ka manehna teh, hĕnteu tĕroes, da boektina oenggal-oenggal poë manehna sok mere roti ka kaoela, nĕpi ka 6 minggoe lilana taja pĕtotna oenggal poë sok barangbere ka kaoela teh. Eta kanjaahanana teh lain ngan koe omong bae, tatapi reudjeung prakna. Atoeh beuki tambah-tambah bae kaoela rakĕtna ka manehna.

Ari bab tĕtĕdaeun di eta roemah-sakit nja saeutik oge, da boektina ditĕdana koe kaoela teh sok tara seubeuh, nja eta anoe matak sok dibere kadaharan koe Woki oge koe tina saeutikna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

Tatapi oepama dibandingkeun djeung tětědaeun di roemah-sakit oerang Parasman mah, nja mĕnding oge di roemah-sakit di dinja.

Waktoe eta Woki mimiti mere roti, kaoela teh nahan bae, hĕnteu daek nampa, tatapi manehna keukeuh bae màksa, soepaja ditampa, 'atoeh ari lila-lila mah kaoela teh kapaksa koedoe nampa kana eta pamerena teh. Koe tina kitoena kaoela mindĕng pisan reureudjeungan djeung manehna, djadi sobat dalit, djadi hidji pisan.

Lila-lila eta Woki dipindahkeun ka tĕmpat anoe djaoeh, atoeh kaoela katjida pisan nja nalangsana, soemawonna waktoe manehna nĕpoengan ka kaoela mah, bebedja arek indit, mani asa disĕbitan bae ati kaoela teh.

Sanadjan eta sobat kaoela geus djaoeh oge, kaoela mindĕng pisan nampa soerat ti manehna djeung sok ngiriman doeit lobana 6 sen. Eta doeit gĕde pisan pitoeloengna ka kaoela, tatapi soeratna mah leuwih-leuwih, sabab dina djĕro eta soerat estoe pinoeh koe kĕtjap-kĕtjap pitoeah, sangkan kaoela salilana mantĕng ati ka Goesti Allah reudjeung kana sakĕrsana oelah ngaborongkeun, djeung papatah-papatah anoe maroelja djaba ti eta.

Saĕnjana pisan eta soerat-soerat teh koe kaoela dianggap sapĕrti timbalan-timbalan ti sawarga bae, minangka kĕtjlak-kĕtjlakna tjai iboen naringgang kana taneuh toehoer bae arasoepna kana ati kaoela. Kaoela beuki tambah-tambah bae tjĕngĕngna ka Goesti Allah teh, sarta beunang disĕboetkeun geus djadi djalma babalik pikir oge.

Barang kaoela geus tjampoer deui djeung batoer-batoer boeian, kaoela ngarasa tiiseun pisan, keueung djeung kĕsĕl, katambah-tambah meh hĕnteu koeat nahan, ngadenge omonganana batoer-batoer anoe sakitoe garorengna, njĕla-njĕla kana djĕnĕnganana Goesti Allah. Kaoela sok toeloej bae misah, njingkirkeun maneh, sangkan oelah pagaliwoet teuing djeung batoer-batoer tea. Tatapi sanadjan misahkeun maneh oge kaparanggih bae koe batoer-batoer teh, atoeh beak-beak kaoela nja diparojok. Kieu pamojokna teh: „Aeh-aeh, kapan maneh teh bareto ĕmboeng djadi djalma saleh. Naha maneh mĕntas njaba ka langit katiloe? Naha pangira maneh pibisaeun ka loear ti djĕro boei koe lantaran disambajangan? Pek atoeh pangmoedjikeun ka Goesti Allah, sangkan oerang kabeh barisa kaloear tina boeian!" Tah kitoe marojokna ka kaoela teh.

Lila-lila kaoela teh ngarasa kĕsĕl hiroep di eta tĕmpat sarta katjida pisan boga maksoed hajang ka loear tina eta boeian.

Dina mimitina tahoen 1844 rarasaan kaoela asa ganti alam. Manoek-manoek disaradana kadengena leuwih ngareunah ti batan sasari, kĕkĕmbangan kaambeuna tambah-tambah seungit,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

panonpoë oge njorotna teh asa beuki bengras ti katoekang-toekang.

Harita kaoela boga karĕp hajang djadi djalma mĕrdika deui, sok mindĕng ngomong sorangan, kieu: „Kami hĕnteu meunang hĕnteu, moedoe ka lear deui ti ieu tĕmpat teh!" Kitoe bae pikiran kaoela salilana, sarta geus gilig pisan nja pikir, arek minggat deui katiloe kalina. Cenggal-oenggal papanggih djeung Woki dina pagawean kaoela waktja arek minggat deui.

Tjarek Woki: „Ah, maneh salilana bĕt hajang keneh bae ngoengkoelan kana kakawasaanana Goesti Allah teh!"

Wangsoelan kaoela: „Aeh-aeh, Gotlib! Naha da kami teh lain arek njingkahan Goesti Allah; naha kami di tĕmpat anoe djaoeh ti dieu baris pĕrtjaja ka Goesti Allah sedjen, beda ti Goesti Allah di dieu?"

Manehna ngadjawab: „Geus tangtoe bae hamo, tatapi Goesti Allah hĕnteu ngidinan ka maneh aja di tĕmpat sedjen. Di dieu maneh teh koedoe tjitjing djeung lamoen maneh arek indit ti dieu, eta koemaha kĕrsana Goesti Allah, tatapi lain kahajang maneh pribadi."

Tjek kaoela: „Tatapi Goesti Allah hĕnteu ngidinan, kami aja dina tĕmpat anoe djalmana sakitoe darorakana, njĕla-njĕla ka Andjeunna."

Manehna ngawangsoelan bari tjoeroekna dioelang-oelangkeun ka kaoela: „Baumfeller, maneh bĕt sok ngagoegoe kana omongan setan. Rĕgĕpkeun anggoer kana satimbalanana Goesti Allah anoe leuwih kawasa. Andjeunna kĕrsana ngahampoera ka djalma handap-asor!"

Kitoe bae omongna Woki saban-saban papanggih djeung kaoela teh, djeung eta matak ngerakeun pisan, sabab pangrasa kaoela oge nja bĕnĕr pisan kitoe. Tatapi sanadjan kaoela mĕrangan kana ati anoe sakitoe goemĕdena oge, ari kana arek minggat deui mah beuki maksoed bae. Eta sabĕnĕrna kaoela boga maksoed kitoe teh, sabab ajeuna kaoela didjaga ĕnja-ĕnja, lipĕt doea kali ati-atina anoe ngadjaga ti batan katoekang-toekang.

Dina tanggal 11 April, pasosore wantji djam 6, waktoe kaoela balik ti pagawean ka boei-benteng, prok papanggih djeung Woki. Kaoela ngaharewos kieu: „Isoekan kami arek minggat deui teh." Manehna ngarendjag, barang ngadenge omongan kaoela kitoe teh, toeloej bae manehna noetoerkeun ka boei-benteng.

Barang nĕpi ka djoeroe kamar, gaproek bae manehna teh ngarangkoel kana poendoek kaoela bari tjeurik lĕngas-lĕngis, sĕmoe anoe nalangsa pisan. Manehna omat-omatan pisan, soepaja kaoela teh oelah toeloes minggat; tatapi kaoela nogtrog

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

bae, hĕnteu beunang dihalangan. Barang manehna balik, kaoela ngomong kieu: „Doakeun bae kami teh masing salamĕt!"

Sapeuting djĕpoet kaoela hĕnteu bisa hees, ngan hantĕm mĕrangan ati bae. Tjarek pikiran kaoela, eta maksoed teh salah; tatapi lamoen kaoela mikir, salilana koedoe hiroep dina tĕmpat anoe saroepa kitoe gorengna, gilig pisan arek minggat deui katiloe-kalina. Dina peuting eta kaoela teh hĕnteu sambajang, sabab lamoen sambajang, eta maksoed minggat teh sok leungit deui.

Isoekna kabĕnĕran pisan kaoela digawe djaoeh ti batoer-batoer anoe rea, ngan batoer saoerang bae djeung hidji soldadoe anoe ngadjaga. Barang nĕpi kana waktoena djam 8 eureun digawe, baris barangtĕda, batoer kaoela teh toeloej ngagelehe dina djoekoet; ari kaoela toeloej omong-omongan djeung soldadoe anoe ngadjaga tea, ngaranna Haroehek. Lila-lila manehna toeloej njarande kana tangkal kai bari noendoetan; geus kitoe manehna teh reup bae hees tibra.

Hate kaoela goemĕtĕr, toeloej njampeurkeun lalaoenan ka eta soldadoe anoe hees teh, njokot bĕdilna sarta toeloej disoempoetkeun di noe soeni, anoe loba tjoetjoek; geus kitoe kaoela bĕrĕbĕt loempat sakoeat-koeat.

Ari geus rada djaoeh kaoela gĕgĕroan ka eta soldadoe anoe hees teh pambrih kaget; kieu panggĕro kaoela teh: „Salamĕt tinggal Haroehek!" Atoeh koredjat bae manehna teh njaring djeung kaget bari loeak-lieuk, neangan bĕdilna; ari kaoela mah kĕbat bae loempat nĕpi kana sisi waloengan Rohre. Di dinja aja doea palika eukeur ngalĕtjrik. Barang maranehna narendjo ka kaoela teh, toeloej bae ngaroedag; gantjang kaoela toetoeroeboen kana djĕro waloengan, tĕroes ngodjaj, da kaoela bisa pisan ngodjaj teh; hĕnteu sabaraha mĕnit lilana kaoela teh geus nĕpi ka peuntas, tĕroes deui bae loempat satakĕr tanaga.

Di dinja loba toekang tani anoe arek njarĕkĕl ka kaoela koe tina ngadarenge galĕgĕroanana palika-palika tea. Atoeh harita kaoela teh kapaksa koedoe balik deui, toeloej loentjat deui toetoeroeboen kana djĕro waloengan. Satĕngah ngodjaj djeung satĕngah malidkeun maneh, 10 mĕnit lilana nja ngambang dina tjai, nĕpi kana palĕbah hidji solokan gĕde. Di dinja meh bae kaoela teh titeuleum, lamoen hĕnteu gantjang moentang kana djoedjoekoetan mah. Barang kaoela ĕnggeus handjat ka sisi waloengan, bĕrĕbĕt loempat deui nĕpi ka kampoeng Altenhoven.

Di deukeut eta kampoeng loba pisan djalma anoe eukeur digarawe di tĕgalan. Tidinja kaoela teh toeloej njimpang kana djalan satapak, tatapi ajeuna kaoela teh njorang kana pitapak; kakara oge meunang 20 lengkah nja njimpang tina djalan gĕde, bĕt prok bae paamprok djeung boschwachter. Atoeh kaoela

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI

teh geus hĕnteu bisa ngĕdjat deui, kĕrĕwĕk bae ditangkĕp koe eta boschwachter teh. Kaoela harita ngalawan sakoeat-koeat, tĕtĕrĕdjĕlan, sangkan lesot tina leungeunna. Gantjang manehna gĕgĕroan, menta-toeloeng ka djalma-djalma anoe dareukeut ka dinja. Atoeh brĕg bae kaoela teh dirĕdjĕngan, geus hĕnteu bisa daja deui, toeloej bae dibawa ka kampoeng Altenhoven. Hĕnteu lila torodjol datang poelisi ti nagara; toeloej kaoela diiangkeun deui ka boei benteng Joelig tea.

Dina djĕro kamar boei kaoela teh dibĕlĕnggoe djeung di loeareun panto make didjaga koe soldadoe. Ari soldadoe anoe mimiti ngadjaga teh bĕt Woki, sobat kaoela tea. Barang ret kaoela nendjo ka manehna, katjida pisan nja mĕntĕgĕgna hate kaoela, mani asa disĕbit-sĕbit bae.

Doea djam lilana kaoela djeung eta Woki hĕnteu wani silitanja, hare-hare bae. Tidinja manehna teh njarande kana sarigsig beusi, hareupeun panto kamar kaoela, barina ngomong kieu: „Kami kamari geus sambajang sarta nĕnĕda, nja eta soepaja maneh teh katangkĕp deui. Maneh ajeuna njaho, jen kami geus dikaboel koe Goesti Allah sakoemaha panĕdja kami, boektina maneh ajeuna aja dina pandjara tembokan opat lapis. Eta kadjadian pisan sakoemaha panĕda kami."

Kaoela tjitjing bae hĕnteu ngadjawab, sabab ati asa digĕrihan koe peso, sarta mikir, jen bĕnĕr pisan omonganana Woki kitoe teh, nja eta kaoela koedoe rĕndah ati ka Goesti Allah djeung koedoe pĕrtjaja kana kawasana. Harita kaoela teh masih bingoeng keneh, anoe matak hĕnteu daek ngomong teh.

Sababaraha poë kaoela nja aja di eta kamar boei sarta oenggal poë kaoela sok ditĕpoengan koe Woki; atoeh kaoela teh soeka pisan tjatjarita djeung manehna.

Koe tina lantaran doea kali minggat tiheula tea, eta hoekoeman kaoela teh ditaekkeun nĕpi ka 31 tahoen, ajeuna koe sabab minggat katiloe kalina, eta hoekoeman teh diganti koe hoekoeman boei saoemoer hiroep. Eta nampa hoekoeman sakitoe teh, kaoela sĕnang bae, taja pisan aral-soebahana, sanadjan indit-dioek mawa-mawa rante oge, noehoen bae ka Goesti Allah, djeung harita kaoela teh hĕnteu aja pikiran baris minggat deui, narimakeun sakĕrsana Anoe Kawasa bae. Tatapi ari moenggoeh Goesti Allah mah, harita arek ngĕrsakeun ngaloearkeun tina djĕro eta boeian ka kaoela teh.

Dina waktoe harita kabĕnĕran toean Djendral v.d.G. diangkat djadi kapala gĕgĕdena boei benteng Joelig. Eta toean Djenderal hidji menak anoe tjĕpĕt pisan ngadjalankeun agamana. Andjeunna kĕrsa ngadangoe kana tjaritana lalampahan kaoela, malah koengsi soemping ka djĕro kamar kaoela, ngoepahan koe boedi manis. Andjeunna miwarang soepaja kaoela teh

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

njanggakeun soerat-ampoen ka Sri Maha Radja, njoehoenkeun hampoera, oelah beurat teuing nja hoekoeman. Malah toean Major B. oge katjida pisan noeloengna ka kaoela teh, maparin kĕrtas, mangsi djeung kalam sarta ngabĕbĕnĕr basana.

Ari poetoesanana ti Sri Maha Radja, kaoela ditambah hoekoeman sapoeloeh tahoen tina hoekoeman tadi, samemeh minggat katiloe kalina tea, djadi ajeuna meunang hoekoeman 41 tahoen.

Koe tina sabab kaoela njoehoenkeun pindah ti boei Joelig, toeloej dipindahkeun ka boei di nagara Keulen.

Eta di nagara Keulen ari anjaran mah kaoela teh sok mindĕng pisan pasea djeung batoer-batoer boeian, koe tina kaoela sakitoe alimna, loba anoe marojok ka kaoela. Tatapi moenggoeh Goesti Allah mah hĕnteu moestahil, sanadjan kaoela ditjĕla oge koe batoer-batoer, bĕt hĕnteu lila kaoela teh pek bae diangkat djadi goeroe maranehna, baris ngadjar matja djeung noelis; waktoena ti wantji djam 5 sore nĕpi ka djam 7. Kaoela sabisa-bisa nja ngadjar ka maranehna teh; tatapi eta maranehna bĕt beuki tambah-tambah bae ngarewaeunana ka kaoela, sabab boektina teu daraekeun dialadjar, anggoer tjalatjarita hĕnteu poegoeh bae. Samalah anoe ngadjaraga oge, nja eta Kapten djeung Ondĕr-ondĕropsir pada ngarewaeun ka kaoela teh. Mindĕng pisan sok diwiwirang disĕboet: „Maneh andjing soetji!" Tatapi sanadjan kitoe oge kaoela teh sabar bae, ngingĕtkeun kana bagdja diri.

Lila-lila di nagara Keulen loba oge anoe warĕlaseun ka kaoela teh, sapĕrti Kangdjĕng Pangeran K., toean Pandita H. djeung loba deui sobat-sobat anoe djadi rakĕt ka kaoela.

Ti kentja-katoehoe kaoela teh nampa pirang-pirang pangasihna, roepa-roepa tĕtĕdaeun djeung doeit, datang ka kaoela taja kakoerang. Meh doea tahoen lilana kitoe bae. Kaoela estoe ngarasa oentoeng sarta hĕnteu pĕtot-pĕtot nja nganoehoenkeun djeung moedji soekoer ka Goesti Allah.

Geus kitoe bĕt aja anoe mapatahan, soepaja kaoela njanggakeun soerat-panoehoen ka Kangdjĕng Radja, njoehoenkeun dihapoentĕn sakabeh dosa, soepaja dikaloearkeun tina siksaan, kawoewoeh dibarĕngan koe pitoeloengna toean Pandita H. Gantjangna bae dina tanggal 15 boelan Juli torodjol datang balĕsan ti nagara Berlijn, jen eta pĕrkara baris dipariksa heula leuwih pandjang.

Eta papariksaan didjalankeunana koe toean Kapten anoe ngewaeun ka kaoela tea. Atoeh lalaporanana oge anoe poegoeh mah ngan ngadĕdĕtkeun bae ka kaoela teh.

Hĕnteu lila ti harita torodjol toean Djendral soemping; andjeunana marentah ka eta toean Kapten, soepaja eta paparik-

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

saan diganti deui, nja eta soepaja ngentengkeun kana pĕrkara kaoela. Atoeh eta toean Kapten teh kapaksa noeroetkeun sakoemaha parentahna toean Djendral tea, tatapi salilana reudjeung gĕgĕlĕndĕng bae, bari sasaoeran kieu ka kaoela: „Maneh ĕntong ngarĕp-ngarĕp pidikaloearkeuneun tina hoekoeman; taja pĕtana."

Ari wangsoelan kaoela: „Ah toean Kapten, eta mah koemaha kĕrsana Goesti Allah bae. Anoe diadjĕng-adjĕng siang-wĕngi taja deui ngan pitoeloeng Andjeunna; hĕnteu moestahil moenggoeh Andjeunna ngĕrsakeun ngaloearkeun kaoela tina hoekoeman dina djĕro opat minggoe."

Saoerna toean Kapten barina goemoedjĕng lĕlĕb pisan: „Tjoba oerang ĕngke hajang njaho, koemaha baloekarna."

Geus kitoe eta soerat panoehoen kaoela teh toeloej diiangkeun ka nagara Berlijn. Ti waktoe harita batoer-batoer teh arambĕkeun katjida ka kaoela teh; malah njawa kaoela oge harita meh-mehan bae tjilaka, arek aja anoe mĕrgasa.

Dina hidji peuting, waktoe kaoela keur hees tibra, aja djalma arek maehan ka kaoela, tatapi ĕnggeus kĕrsaning Goesti Allah, hĕnteu sakara-kara diri kaoela teh, sabab pesona anoe ditĕwĕkkeun ka kaoela teh, mĕnĕran kana sĕla-sĕla leungeun djeung gigir. Eta djadi tanda, moenggoeh Goesti Allah harita katjida pisan ngaraksana ka diri kaoela, boektina sakitoe kaoela aja dina ĕnggon anoe sakitoe wĕritna, tatapi djadi salamĕt bae.

Tjotjog pisan opat minggoe ti ĕntas toean Kapten ngiangkeun soerat-panoehoen kaoela tea ka nagara Berlijn, torodjol bae balĕsanana teh datang.

Eta balĕsan nĕrangkeun, jen kaoela dikaloearkeun tina sakabeh hoekoeman meunang hampoera ti Kangdjĕng Radja. Moesoeh kaoela kabeh areraeun pisan, soemawonna toean Kapten mah gogodĕg bae, tina hĕnteu ngira satoengtoeng boeoek, bĕt kitoe kadjadianana bari sasaoeran kieu: „Kami estoe hĕnteu ngarti katjida, naha bĕt kitoe baloekarna."

Meureun koe sadajana oge kamaranah, sakoemaha pisoekaboengaheunana ati kaoela nampa eta poetoesan; kaoela moedji reboe-reboe noehoen ka Goesti Anoe Maha Soetji, rehna ĕnggeus dikaloearkeun tina pirang-pirang bahaja toer sakitoe barangĕtna, kawoewoeh-woewoeh ajeuna dikaloearkeun pisan tina siksaan anoe sakitoe beuratna. Sobat-sobat kaoela oge kabeh pada saroeka-boengah djeung pada njaralamĕtkeun ka kaoela teh, katambah-tambah aja hidji sobat anoe mere papakean pareman ka kaoela, atoeh beuki tambah-tambah bae kaoela nja atoh.

Sorena kaoela diondang dahar koe toean Pandita H., sabab harita kabĕnĕran aja pesta rioengan dahar di boemina.

Tah kitoe eta lalampahan kaoela teh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Sanggeus kaoela ka loear ti boei, toeloej ihtiar njiar pagawean. Kabĕnĕran oentoeng katjida, kaoela bĕt bisa manggih pagawean anoe pantĕs, nĕpi ka kahiroepan kaoela moepakat djeung batoer, bisa boga pamadjikan, boga roemah-tangga sapantĕsna.

Kaoela teu pĕgat-pĕgat nja soekoer ka Noe Maha Soetji, reh geus didjait tina naraka, dipindahkeun ka sawarga.

TAMAT.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI
Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI
bp
Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI Balai Pustaka

